Нобэ Хэкум и хъумакIуэм и махэщ

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДЫОКI

№32 (22.190) • 2012 гъэм мазаем (февралым) и 23, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр сомИ 3-щ • adyghe@mail.ru adygeafe.ru

● Къэрал къулыкъушIапIэхэм

Бюджетым топсэлъыхь

Къанокъуэ Арсен иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и лэжьакIуэхэр, республикэм и муниципалитетхэм я IэтащхьэкIэ зыхэта зэIущI.

АБы кьыщапщытэкащ республикэм и министерствэхэм, къэрал комитетхэм, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ 2012 гъэм я бюджетхэм зэрыхэпIэжам кьриикIуэхэр. КъБР-м и Iэтащхьэм кьыззэхуэсахэм гу лъаригъэтащ кьаIэрыхьа заявкэхэр кьалытэу КъБР-м и бюджетым зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр гъатхэгъэм и 1-м фIэмакIыу халъхьэжьи зэрыхуейм. Кьанокъуэ Арсен аргуэру кьытригъэззэкри жиIащ кьэралым и щIыхуэхэр нэсу япшыныжьыхь, бюджет мылькур кьыдэгъэхуэным я нэIэ траГъэкI зэрымыхьунур. Абы кьыдэкIуэу республикэм и унафэщIхэр хопилъэ социальнэ кьалэнхэр дзгъэкIыным трагъэкIуэдэну мылькум и хэкIыпIэ хьунухэм. Абы папщIэ УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм бюджет щIыхуэу сом мелуан 400 кьыIахьиу, кьэрал мылькум щыщуи сом 1 мелард хуэдиз и уасэ приватизацэ ящIыну я мурадщ. Аахьышэ трагъэкIуэдэнущ зыпшынагъэр хъумэнымрэ егъэджэнымгъэмрэ зэрыщIэзэрэщIэжьнымкIэ, спортым зегъэужьынымкIэ программэхэм республикэм зыкъыIэт IыхьэрэхьэкIыным.

КъБР-м и Iэтащхьэм министрэхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэмрэ я пщэ ирилъхьащ бюджет заявкэхэр щIэзэхагъэувэкIэ жыларагъэхэр зэблэмыууэ псыкIэ кьыззэгъэпэщыным, социальнэ мыхьэнэ хэха зиIэ IэуэхущIапIэхэр - школхэр, сабий садхэр, кьуажэ амбулаторэхэр, спорт хуэзныгъэхэр кьэгъэщIэрэщIэжьным текIуэдэнур я пэ ирагъэщыну. «Дэ ди мурадщ социальнэ IуэхущIапIэхэм гъэ кьэс сом мелард 2-м щIегъэжьауэ сом меларди 3-м нэс тедгъэкIуэ-дэну», - кьыхигъэщхьэхухIащ Кьанокъуэ Арсен.

Дыз эрыщыгъуэзэщи, Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и районхэм зэрыщIэхуэхъуэхэр щегъэкIуэкIыныжьмкIэ, абыхэм щыIэ щыгъыкIэм щыгъуазэ зыщIныжьмкIэ жэрдэмыр кьыдыгъэдэкIауэ щытар КъБР-м и Iэтащхьэрыщ. Апхуэдэ зэIущIэхэм властым и лыкIуэхэм щыгъэкIуэу, езы щIыналъэхэм щыпсэу щыхь нэхь жыджэрэхри хэтащ. Кьанокъуэ Арсен а зэIущIэхэм кьалэну щигъэуващ щыхуэхэр махуэ кьэс гугъу езыгъэхь Iуэхуэхэр - псыкIэ, газкIэ кьыззэрыззэгъэпэщар, гъэзгуэхэм, жылагъуэ транспортым я щытыкIэр ирагъэфIэкIуэну. А зэIущIэхэм республикэм и Iэтащхьэм кьыщигъэува протокол кьалэнхэр КъБэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм и илъэситку программэм хэту зэкIэлъыкIуэу ягъэззэщIэнущ.

ЗэIущIэм кьыщыщыпсалъэм Кьанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм хуигъэуващ бюджет ахьшэр зытегъэкIуэдапхьэхэр игъэтэмэмыкыну икIи кьаутIыпщ ахьшэр зэгъэззэхуэу кьэгъэсэбэпыныр кьыззэригъэпэщыну. Республикэм и Iэтащхьэм кьыззэхуэсахэм ягурыгIуэу бюджет ахьшэр кьыззэрагъэсэбэтым еэыр зэрыкIэлъыплъынур икIи абы и лъэныкъуэкIэ ныкьусаныгъэ кьэзыгъэхьухэм ткIийуэ зэрабгъэдыхьэнур.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Урысейм зихъумэжыныр къалэн нэхъыщхьэ дыдэщ

**Дэтхэнэ къэралми, псом хуэмыдэу Урысейм хуэдэ къэралыщхъуэм, знхъумэжыныр япэ игъэщIн зэрыхуейм щэч хэлъкIыным. УФ-м и Президентым и къулыкъум хахыну кьагъэтъэгъуэ Путин Владимир иджы-благъэ кьытрыригъэдза «Лъэщу щытын: Урысейм лъэпкъ шынагъуэншагъэ иIэныкIэ щэсыпIэхэр» тхыгъэм теухуауэ апхуэдэу жиIащ «Урысей зэкIуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм и президиумым хэт, Кавказ Ищхьэрэ ЩIыналъэ зэхуаку Зэхьирэгъэуш Советым и унафэщI Щхьэгъуэш Адэлбий.

«ИДжЫПСТУ дэ ди нэгу щIокI дуней псом щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъуэри, щIыпIэ куэдым щызозаэу. КъуэкIыпIэ Гъунэгъуэр лыгъэм хэтщ. Демократием и фIыгъуэхэр мыжурэпэ пацIхьащ - абы щыхьэт тохьуэ Египетым, Ливием щекIуэкIаХэр, Сириеи зэрыщIэзэнкIуэкъуэр, щытыкIэр Иракым зэпымыууэ кьызэрыщIешынагъэр. Ирагъэ дыдэ Осетие Ипщэм зауэ щекIуэкIащ, КъуэкIыпIэ Европэм Iэщэ лIэужьыгъуэщIэхэр кьрагъэувэну кьытхуодатъэ. А псомри кьагъэлъагъуэ къэралым щыпитагъуэ кьыгтемыкьэн папщIэ абы кьару зэрыбгъэдэтыпхьэр. Мыбы и лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, премьер-министрым и зи чэзу тхыгъэр икъукIэ игъэуащ.

Иужьрей илъэс тIощI хуэдизым дэ ди нэгу щIокI зыхъумэжыныгъэр зыхуэй ядэзэпауэ зэрыщымытыр. Ар гуныкъуэгъэщ, ихьапэм ди дзэхэм я щIыхь-зыр кьэралым и щыгкIэ жыжьэу щыIуу зэрыщытар кьэпIыытэмэ. Хэкум и хъумакIуэхэм я IэщIагъэм зэрыхуэгъасэр екIэкIуащ. Путиным кьегъэув а Iуэхум зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэр зэхъуэкIыным кьыщымынэу, дзэ щIэныгъэр кьэгъэсэбэпауэ, армэр кьызэрызэгъэпэщар хуэдэ зыбжанэкIэ егъэфIэкIуэн хуейуэ. Абы икъукIэ ахъшэхуэу хухах. Апхуэдизу мыгъкъэ дзэм и техникэ щыгтыкIэр кьиIэтыным кьыщымынэу, ар иджырей зэманым щыIэ армэ нэхъыфIхэм ящыщ ящIын хуейщ.

Дэтхэнэ къэралми, псом хуэмыдэу Урысейм ещхь кьэралми, ихьапэм зихъумэжыныр япэ зэригъэщIпхъэм щэч лъэпкъ хэтыкъым. Икли дэ ди Хэкур тхъумэжын тхуэзфIэмыкIынумэ, дунейм щыIэ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным, демократием, экономикэм и Iэнатlэхэм зегъэужьным дыщIытепсэтIыхьыным щыIэжым», - кьыхигъэщхьэхуэкIащ Щхьэгъуэшым.

КъБР-р адрей щIыналъэхэм зэрадэлажьэр щIегъэхуабжьэ

КъБР-м и сату Iуэхущ IапIэу Урысей Федерацэм и субъектхэм щыIэхэм 2011 гъэм кьрифыбыдэу кьызэрагъэпэщащ сатур сом мелард 1,609-рэ хьуэу кьабжьащ. 2010 гъэм елыитагъэ ар процентищ - 107,1-м щIигъукIэ ихъыбэщ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм сату Iуэхуэмкl э и Iуэхущ IапIэу УФ-м и субъектхэм щыIэхэр сатуэкономикэ IэнатIэхэм кьадэкIуэу, щэихьабэ, егъэджэныгъэ Iуэхуэхэм, щIалэгъуэлъ политикэм, спортым яхуэгъэза зэпыщIэныгъэхэри кьызэрагъэпэщ. КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм щыIэхэр ЗыкIэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм ядолжьэныкIэ и кьудамэм и унафэщI Гуртуев Мурат кьэзыряджиIамкIэ, Урысейм и щIыналъэхэм яхудиI пыщIныгъэхэр гъэбдзэнымкIэ сэбэп мэхъу ахэр хабзэм тету кьызэрызэгъэпэщар. Дэ зэгурыIуэныгъэхэр етщIылIащ Урысей Федерацэм и субъектэу 24-м. А зэгурыIуэныгъэхэм кьыщыгъэлъагъуэ Iуэхуэхэр нэгъэсауэ гъэзэщIапхъэ зыбгъэдэхуэр дзэ республикэм нэгъэущI щIыналъэхэм кьыщызэригъэпэщ лIыкIуэ Iуэхущ IапIэхэр. Апхуэдэ Iуэхущ IапIэхэр иджыпсту Урысей Федерацэм и субъектэу 25-м щыIэщ.

КъУЭРЭЩЕЙ Элеонор.

● Обозревателым и псалъэ

Зыми пимыкIуэтыну къару

ХЭКУМ и хъумакIуэм и махуэр щыдгъэльапIэм и деж дэ зэпымыууэ ди нэгу кьыщIыдогъэхьэ Урысейм Iыщ щIэ Зэщ Iэуэзэда и Кьарухэр. Совет зэманым абы нэхьрэ нэхь льэщ дунейм темыту кьызэрыджаIэм десэжауэ щытати, абы шэч гуэри кьытетхьэрэтэкьым. АтIэ мы зэманым абыхэм я зэфIэкIыр сыт хуэдэ? Ди жагъуэ зэрыхъунщи, СССР-р зэрыльэкIэрэ блэкIа илъэс тIощIым щигъуэм абы и щытхъу куэд дэ зэхэтхакъым. АрщхьэкIэ, Iэщ Iагъэлlхэм кьызэральытэжкIэ, Iуэхур абы и льэныкьуэкIэ Iейкьым. Зы щапхъэ закьуэ: американ политик цIэрыIуэхэм нэгъабэ США-м и газетхэм кьытрагъэдза «Сыт дэ Урысейм фIыуэ дыхущытым щыхуейр?» тхыгъэм кьыщыгъэльэгъуащ ди кьэралым и зэфIэкIыр зыхуэдэр. Абыхэм Урысейм бгъэдэлъ кьуленгъэм, льэщагъым я гугъу щащIкIэ, занщIэу кьыхагъэбгджьылкI: «Дунейм тет кьэралхэм ящыщу Урысейм и закьуэщ США-р дакьикъэ 30 нэхъ дэмыкIыу зэхэзыкьутэфынур». Дунейм и зы щIпIи зауэшхуэ зыщ цIыкIуи кьыщыхьуну дыхуейкьым, ауэ зэрызыпхъуэ зэжьын кьару сыт хуэдэ зэманми унэм хуейщ.

Иджы мазаем и 23-м дгъэльапIэ махуэшхуэм епхауэ дриплъэжьынщ а льэщагъыр зэрызэфIэувэ щIыкIэм. Нэхьапэм ар Дзэ Пльыжьыр кьыщызэрагъэпэщащ махуэу кьалытагъэ екIуэкIащ. АбыкIэ кьагъэльэгъуэну хуейт 1918 гъэм а махуэм Iэщэкъ зэщIэуэзда гуащIэрыпсэуэхэм нэмыщдзэхэр Псковрэ Нарвэрэ я зэхуакум деж кьызэрыщызэтрагъэувыIар. Тхыдэм сыт и льэныкьуэкIи икIи хэт хуейми «хэпщэфIыхь» щыIэ хьуэ лъэхъэнэм абы теухуауэ жаIэхэр нэгъэущIц. Сыт хуэдэу щымытами, 1923 гъэм мазаем и 5-м Республикэм и Реввоенсоветым и Iэтащхьэм кьыдигъэжа унафэм ипкъ иткIэ, мазаем и 23-р ягъэуващ Iэщэкъ ЗэщIэуэзда Кьарухэм я махуэу. Абы льандзрэ льапIэ дыдэу кьальытэу щытащ зи гугъу тщы махуэр. Уеблэмэ, ар нэгъуэщI кьаралхэми кьалытэрт. Псалъэм и хьэтыркIэ, 1943 гъэм мазаем и 23-м США-м и президент Рузвельт Франклин Сталиным абыкIэ кьехъуэхъуу телеграммэ кьыхуигъэхьауэ щытащ.

Зэман дэкIри, махуэшхуэм и щIэр зэрахьуэкIащ. Ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, и куп щIэр кьэнащ. Ядерэ Iэщэ зыбгъэдэлъ, ягъу щIыхуэр хьэршым зыгъэльэта кьэралым апхуэдэ махуэ игъэльапIэн зэрыхуейми шэч хэлъкъым.

Пэжщ нужь илъэсхэм Iэщэкъ ЗэщIэуэзда Кьарухэм я зэфIэкIым хэщIауэ зэрыщытар, ауэ нэрылъагъуу зеужьыж. Иджы дыдэ дэ кьэтщащ Урысейм и тенджыз кьарухэм я нэхъ льэщ «Адмирал Кузнецов» автан кхъухь абрагъэуэр зекIуэшхуэм кьыззэрикIыжар. Апхуэдэ дыдэу «Булава» ракетэщIэхэмкIэ (абы кьыплъэщыщ кьару ин зэманкIэ дуней темыту Iэщ Iагъэлlэ суэдым кьальэгъ) ди дзэхэр зэщIауэзэнущ. Ди авиацэм иратынущ зэфIэкIыщхъэ дыдэ зиIэ кхъухьлъатэхэр.

Сыт а псоми Урысейр щыхуейр? Ди кьэралым хуэзфIэкI кьыгъанэрэкьым дунейм мамырыгъэр щызэтрИыгъэн папщIэ. Ар пхуэзфIэкIын щхьэкIэ укьызыкьуэгушхуэкIын кьарум ббгъэдэлъын хуейщ.

Фигу кьэдгъэкIыжькIащ: мазаем и 23-р 2002 гъэм кьыщыщIэдзауэ зыгъэпсэхугъуэ махуэщ.

МАХЬШОКЪУЭ Мухьэмэд.

НэхъыфIхэр ягъэгушхуэ



ДЫГъУАСЭ КъБР-м и Парламентым хэлэтыкIауэ ягъэлъапIэу Урысей Федерацэм и цIыхум и пасортхэр щратыжащ зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа, Налшык и курыт еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм и нэхъыфIу щеджэ ныбжьыщIэ 27-м. Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу икIи «Дэ Урысейм дрицIыхущ» Урысейпсо жэрдэмым хиубыдэу, а Iуэхугъуэгъэ кьызэрагъэпэщат «Урысейм и щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм КъБэрдей-Балъкъэрым щIэ кьудамэм и Iэтащхьэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Шаваев Ильяс, паспортхэр зрата ныбжьыщIэхэм я егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр.

- Нобэ фи гъащIэм Iуэхугъэгъэшхуэ кьыщохьу: Урысей Федерацэм и цIыхум и паспортыр - япэ кьэраа щыхьэт тхьылыр - кьыватыж. ИкIи ар Хэкум и хъумакIуэм и махуэшхуэм зэрырихьэлIар икъукIэ фIащ. А щIэныгъэ тхьылым фэ хуит фещI фи гъащIэм и гъэзэгу нэхъыщхьэр кьыхэфхыну, ди кьэралым и цIыхум иIэ хуитныныгъэхэр кьэвгъэсэбэпыну, а щыхьэт тхьылым дэтхэнэми кьалэн щищI Iуэхугъуэхэри вгъэзэщIэну. Сынывохьэхъу а кьалэнхэм щIыхь пылъу фапэлъэщыну. Ар икъукIэ пщIэшхуэ зыпылъщ - Урысей Федерацэм и цIыхуу ущытыныр, - жиIащ Чеченов Ануар, зэIущIэр кьыщызэIуихым. ИкIи абырэ «Урысейм и щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм Кьэбэрдей-Балъкъэрым щIэ къудамэм и Iэтащхьэ Шаваев Ильясрэ ныбжьыщIэхэм я паспортхэр иратыжащ.

Гулъытэ кьызэрыхуащIам папщIэ зэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIу, ныбжьыщIэхэм кьабгъэдэкIыу кьэпсэлъащ Налшык и 29-нэ курыт школым и еджакIуэ Моккаев Азнаур.

Паспорт зратыжахэм адэ-анэхэм кьабгъэдэкIыу гуэпэу екъуэгъэуващ а ныбжьыщIэхэм ящыщ зым и анэ Дохъушокъуэ Маринэ. Урысей Федерацэмрэ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я гимнхэр кьеуа нэужь, зэIущIэм хэтахэм зэгъуэгу сурэт зытратаъэхащ.

КЪАРЭМЫКЪУЭ Залым.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *ейщ.*

● Къэрал къулыкъушIапIэхэм

Бюджетым топсэлъыхь

Кьанокъуэ Арсен

Кьанокъуэ Арсен иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и лэжьакIуэхэр, республикэм и муниципалитетхэм я Iэтащхьэхэр зыхэта зэIущI.

АБы кьыщапщытэкащ республикэм и министерствэхэм, къэрал комитетхэм, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ 2012 гъэм я бюджетхэм зэрыхэпIэжам кьриикIуэхэр. КъБР-м и Iэтащхьэм кьыззэхуэсахэм гу лъаригъэтащ кьаIэрыхьа заявкэхэр кьалытэу КъБР-м и бюджетым зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр гъатхэгъэм и 1-м фIэмакIыу халъхьэжьи зэрыхуейм. Кьанокъуэ Арсен аргуэру кьытригъэззэкри жиIащ кьэралым и щIыхуэхэр нэсу япшыныжьыхь, бюджет мылькур кьыдэгъэхуэным я нэIэ траГъэкI зэрымыхьунур. Абы кьыдэкIуэу республикэм и унафэщIхэр хопилъэ социальнэ кьалэнхэр дзгъэкIыным трагъэкIуэдэну мылькум и хэкIыпIэ хьунухэм. Абы папщIэ УФ-м Финансхэмкl э и министерствэм бюджет щIыхуэу сом мелуан 400 кьыIахьиу, кьэрал мылькум щыщуи сом 1 мелард хуэдиз и уасэ приватизацэ ящIыну я мурадщ. А ахьышэ трагъэкIуэдэнущ зыпшынагъэр хъумэнымрэ егъэджэнымгъэмрэ зэрыщIэзэрэщIэжьнымкIэ, спортым зегъэужьынымкIэ программэхэм республикэм зыкъыIэт IыхьэрэхьэкIыным.

КъБР-м и Iэтащхьэм министрэхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэмрэ я пщэ ирилъхьащ бюджет заявкэхэр щIэзэхагъэувэкIэ жылагъуэхэр зэблэмыууэ псыкIэ кьыззэгъэпэщыным, социальнэ мыхьэнэ хэха зиIэ IуэхущIапIэхэр - школхэр, сабий садхэр, кьуажэ амбулаторэхэр, спорт хуэзныгъэхэр кьэгъэщIэрэщIэжьным текIуэдэнур я пэ ирагъэщыну. «Дэ ди мурадщ социальнэ IуэхущIапIэхэм гъэ кьэс сом мелард 2-м щIегъэжьауэ сом меларди 3-м нэс тедгъэкIуэ-дэну», - кьыхигъэщхьэхухIащ Кьанокъуэ Арсен.

Дыз эрыщыгъуэзэщи, Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и районхэм зэрыщIэхуэхъуэхэр щегъэкIуэкIыныжьмкIэ, абыхэм щыIэ щыгтыкIэм щыгъуазэ зыщIныжьмкIэ жэрдэмыр кьыдыгъэдэкIауэ щытар КъБР-м и Iэтащхьэрыщ. Апхуэдэ зэIущIэхэм властым и лыкIуэхэм кьагъэкIуэу, езы щIыналъэхэм щыпсэу щыхь нэхь жыджэрэхри хэтащ. Кьанокъуэ Арсен а зэIущIэхэм кьалэну щигъэуващ щыхуэхэр махуэ кьэс гугъу езыгъэхь Iуэхуэхэр - псыкIэ, газкIэ кьыззэрыззэгъэпэщар, гъэзгуэхэм, жылагъуэ транспортым я щытыкIэр ирагъэфIэкIуэну. А зэIущIэхэм республикэм и Iэтащхьэм кьыщигъэува протокол кьалэнхэр КъБэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм и илъэситку программэм хэту зэкIэлъыкIуэу ягъэззэщIэнущ.

ЗэIущIэм кьыщыщыпсалъэм Кьанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм хуигъэуващ бюджет ахьшэр зытегъэкIуэдапхьэхэр игъэтэмэмыкыну икIи кьаутIыпщ ахьшэр зэгъэззэхуэу кьэгъэсэбэпыныр кьыззэригъэпэщыну. Республикэм и Iэтащхьэм кьыззэхуэсахэм ягурыгIуэу бюджет ахьшэр кьыззэрагъэсэбэтым еэыр зэрыкIэлъыплъынур икIи абы и лъэныкъуэкIэ ныкьусаныгъэ кьэзыгъэхьухэм ткIийуэ зэрабгъэдыхьэнур.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Урысейм зихъумэжыныр къалэн нэхъыщхьэ дыдэщ

Дэтхэнэ къэралми, псом хуэмыдэу Урысейм хуэдэ къэралыщхъуэм, знхъумэжыныр япэ игъэщIн зэрыхуейм щэч хэлъкIыным. УФ-м и Президентым и къулыкъум хахыну кьагъэтъэгъуэ Путин Владимир иджыблагъэ кьытрыригъэдза «Лъэщу щытын: Урысейм лъэпкъ шынагъуэншагъэ иIэныкIэ щэсыпIэхэр» тхыгъэм теухуауэ апхуэдэу жиIащ «Урысей зэкIуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм и президиумым хэт, Кавказ Ищхьэрэ ЩIыналъэ зэхуаку Зэхьирэгъэуш Советым и унафэщI Щхьэгъуэш Адэлбий.

«ИДжЫПСТУ дэ ди нэгу щIокI дуней псом щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъуэри, щIыпIэ куэдым щызозаэу. КъуэкIыпIэ Гъунэгъуэр лыгъэм хэтщ. Демократием и фIыгъуэхэр мыжурэпэ пацIхьащ - абы щыхьэт тохьуэ Египетым, Ливием щекIуэкIаХэр, Сириеи зэрыщIэзэнкIуэкъуэр, щытыкIэр Иракым зэпымыууэ кьызэрыщIешынагъэр. Ирагъэ дыдэ Осетие Ипщэм зауэ щекIуэкIащ, КъуэкIыпIэ Европэм Iэщэ лIэужьыгъуэщIэхэр кьрагъэувэну кьытхуодатъэ. А псомри кьагъэлъагъуэ къэралым щыпитагъуэ кьыгтемыкьэн папщIэ абы кьару зэрыбгъэдэтыпхьэр. Мыбы и лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, премьер-министрым и зи чэзу тхыгъэр икъукIэ игъэуащ.

Иужьрей илъэс тIощI хуэдизым дэ ди нэгу щIокI зыхъумэжыныгъэр зыхуэй ядэзэпауэ зэрыщымытыр. Ар гуныкъуэгъэщ, ихьапэм ди дзэхэм я щIыхь-зыр кьэралым и щIыкIэр жыжьэу щыIуу зэрыщытар кьэпIыытэмэ. Хэкум и хъумакIуэхэм я IэщIагъэм зэрыхуэгъасэр екIэкIуащ. Путиным кьегъэув а Iуэхум зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэр зэхъуэкIыным кьыщымынэу, дзэ щIэныгъэр кьэгъэсэбэпауэ, армэр кьызэрызэгъэпэщар хуэдэ зыбжанэкIэ егъэфIэкIуэн хуейуэ. Абы икъукIэ ахъшэхуэу хухах. Апхуэдизу мыгъкъэ дзэм и техникэ щыгтыкIэр кьиIэтыным кьыщымынэу, ар иджырей зэманым щыIэ армэ нэхъыфIхэм ящыщ ящIын хуейщ.

Дэтхэнэ къэралми, псом хуэмыдэу Урысейм ещхь кьэралми, ихьапэм зихъумэжыныр япэ зэригъэщIпхъэм щэч лъэпкъ хэтыкъым. ИкIи ди дзэ Хэкур тхъумэжын тхуэзфIэмыкIынумэ, дунейм щыIэ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным, демократием, экономикэм и Iэнатlэхэм зегъэужьным дыщIытепсэтIыхьыным щыIэжым», - кьыхигъэщхьэхуэкIащ Щхьэгъуэшым.

КъБР-р адрей щIыналъэхэм зэрадэлажьэр щIегъэхуабжьэ

КъБР-м и сату Iуэхущ IапIэу Урысей Федерацэм и субъектхэм щыIэхэм 2011 гъэм кьрифыбыдэу кьызэрагъэпэщащ сатур сом мелард 1,609-рэ хьуэу кьабжьащ. 2010 гъэм елыитагъэ ар процентищ - 107,1-м щIигъукIэ ихъыбэщ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм сату Iуэхущ IапIэ УФ-м и субъектхэм щыIэхэр сатуэкономикэ IэнатIэхэм кьадэкIуэу, щэихьабэ, егъэджэныгъэ Iуэхуэхэм, щIалэгъуалэ политикэм, спортым яхуэгъэза зэпыщIэныгъэхэри кьызэрагъэпэщ. КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм щыIэхэр ЗыкIэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм ядолжьэныкIэ и кьудамэм и унафэщI Гуртуев Мурат кьэзыряджиIамкIэ, Урысейм и щIыналъэхэм яхудиI пыщIныгъэхэр гъэбдзэнымкIэ сэбэп мэхъу ахэр хабзэм тету кьызэрызэгъэпэщар. Дэ зэгурыIуэныгъэхэр етщIылIащ Урысей Федерацэм и субъектэу 24-м. А зэгурыIуэныгъэхэм кьыщыгъэлъагъуэ Iуэхуэхэр нэгъэсауэ гъэзэщIапхъэ зыбгъэдэхуэр дзэ республикэм нэгъэущI щIыналъэхэм кьыщызэригъэпэщ лIыкIуэ Iуэхущ IапIэхэр. Апхуэдэ Iуэхущ IапIэхэр иджыпсту Урысей Федерацэм и субъектэу 25-м щыIэщ.

КъУЭРЭЩЕЙ Элеонор.

● Обозревателым и псалъэ

Зыми пимыкIуэтыну къару

ХЭКУМ и хъумакIуэм и махуэр щыдгъэльапIэм и деж дэ зэпымыууэ ди нэгу кьыщIыдогъэхьэ Урысейм Iэщэкъ Зэщ Iэуэзэда и Кьарухэр. Совет зэманым абы нэхьрэ нэхь льэщ дунейм темыту кьызэрыджаIэм десэжауэ щытати, абы щэч гуэри кьытетхьэрэтэкьым. АтIэ мы зэманым абыхэм я зэфIэкIыр сыт хуэдэ? Ди жагъуэ зэрыхъунщи, СССР-р зэрыльэкIэрэ блэкIа илъэс тIощIым щигъуэм абы и щытхъу куэд дэ зэхэтхакъым. АрщхьэкIэ, Iэщ Iагъэлlхэм кьызэральытэжкIэ, Iуэхур абы и льэныкьуэкIэ Iейкьым. Зы щапхъэ закьуэ: американ политик цIэрыIуэхэм нэгъабэ США-м и газетхэм кьытрагъэдза «Сыт дэ Урысейм фIыуэ дыхущытым щыхуейр?» тхыгъэм кьыщыгъэльэгъуащ ди кьэралым и зэфIэкIыр зыхуэдэр. Абыхэм Урысейм бгъэдэлъ кьуленгъэм, льэщагъым я гугъу щащIкIэ, занщIэу кьыхагъэбгджьылкI: «Дунейм тет кьэралхэм ящыщу Урысейм и закьуэщ США-р дакьикъэ 30 нэхъ дэмыкIыу зэхэзыкьутэфынур». Дунейм и зы щIпIи зауэшхуэ зыщ цIыкIуи кьыщыхьуну дыхуейкьым, ауэ зэрызыпхъуэ зэжьын кьару сыт хуэдэ зэманми унэм хуейщ.

Иджы мазаем и 23-м дгъэльапIэ махуэшхуэм епхауэ дриплъэжьынщ а льэщагъыр зэрызэфIэувэ щIыкIэм. Нэхьапэм ар Дзэ Пльыжьыр кьыщызэрагъэпэщащ махуэу кьалытагъэ екIуэкIащ. АбыкIэ кьагъэльэгъуну хуейт 1918 гъэм а махуэм Iэщэкъ зэщIэуэзда гуащIэрыпсэуэхэм нэмыщдзэхэр Псковрэ Нарвэрэ я зэхуакум деж кьызэрыщызэтрагъэувыIар. Тхыдэм сыт и льэныкьуэкIи икIи хэт хуейми «хэпщэфIыхь» щыIэ хьуэ лъэхъэнэм абы теухуауэ жаIэхэр нэгъэущIц. Сыт хуэдэу щымытами, 1923 гъэм мазаем и 5-м Республикэм и Реввоенсоветым и Iэтащхьэм кьыдигъэжа унафэм ипкъ иткIэ, мазаем и 23-р ягъэуващ Iэщэкъ Зэщ Iэуэзэда Кьарухэм я махуэу. Абы льандзрэ льапIэ дыдэу кьальытэу щытащ зи гугъу тщы махуэр. Уеблэмэ, ар нэгъуэщI кьаралхэми кьальытэрт. Псалъэм и хьэтыркIэ, 1943 гъэм мазаем и 23-м США-м и президент Рузвельт Франклин Сталиным абыкIэ кьехъуэхъуу телеграммэ кьыхуигъэхьауэ щытащ.

Зэман дэкIри, махуэшхуэм и щIэр зэрахьуэкIащ. Ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, и купщIэр кьэнащ. Ядерэ Iэщэ зыбгъэдэлъ, ягъу щIыхуэр хьэршым зыгъэльэта кьэралым апхуэдэ махуэ игъэльапIэн зэрыхуейми шэч хэлъкъым.

Пэжщ нужь илъэсхэм Iэщэкъ ЗэщIэуэзда Кьарухэм я зэфIэкIым хэщIауэ зэрыщытар, ауэ нэрылъагъуу зеужьыж. Иджы дыдэ дэ кьэтщащ Урысейм и тенджыз кьарухэм я нэхъ льэщ «Адмирал Кузнецов» автан кхъухь абрагъэуэр зекIуэшхуэм кьыззэрикIыжар. Апхуэдэ дыдэу «Булава» ракетэщIэхэмкIэ (абы кьыплъэщыщ кьару ин зэманкIэ дуней темыту Iэщ Iагъэлlэ суэдым кьальэгъ) ди дзэхэр зэщIауэзэнущ. Ди авиацэм иратынущ зэфIэкIыщхъэ дыдэ зиIэ кхъухьлъатэхэр.

Сыт а псоми Урысейр щыхуейр? Ди кьэралым хуэзфIэкI кьыгъанэрэкьым дунейм мамырыгъэр щызэтрИыгъэн папщIэ. Ар пхуэзфIэкIын щхьэкIэ укьызыкьуэгушхуэкIын кьарум ббгъэдэлъын хуейщ.

Фигу кьэдгъэкIыжькIащ: мазаем и 23-р 2002 гъэм кьыщыщIэдзауэ зыгъэпсэхугъуэ махуэщ.

МАХЬШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Сабийхэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм уэзышагъэр хъумэнымкIэ и Iэнатlэр къэзыгъэзэжащ зэблэмыкIэ программэм хуабдэу Налшык сабий хоспис щащыну я мурадщ. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Гъаф Иван республикэм Уэзышагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пащэ ирилъхьащ а Iуэхум хэхауэ кIэтыныпIыну.

КъБР-м уэзышагъэр хъумэнымкIэ, министрым и къуэдзэ Уэртэн Аслъэн кьызэряджиIамкIэ, зи ныбжьыр илъэс 15-м щIэмыгъу сабийуэ 12 зыщIэхуэну Iуэхущ IапIэр кьыщызэIуахынущ республикэм и Сабий унэм. «Хосписым плъэкIэ щIэтыныну сабий ныкъуэдыкъуэхэу интернат Iуэхущ IапIэхэм зэрагъэкIуэным хуагъэхьэзырхэр. Абыхэм адэ-анэхэрэ ящыгъуну Iэмал щыIэнущ», - кьыхигъэщхьэхуIащ министрым и къуэдзэм.

Хосписыр кьызэIуахын папщIэ Сабий унэм и щыгъуэм ящыщ зыр зэгъэпэщыжыным сом мин 316,9-рэ текIуэдзэнущ. Апхуэдэу а Iуэхущ IапIэр зыхуеину Iэмэпсымэу сом мелуани 6 и уасэ кьащдэхунущ. Хосписыр дызэрыт илъэсым кьызэIуахынущ я мурадщ.

Хосписым дэIэпыкьунрэ щратынущ зэкIэ ямыгъэхъужьыф узыфэхэр зэрыкъурт сабий ныкъуэдыкъуэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн щхьэкIэ

IУЛЪХЬЭ зэрыуэзэпахым, коррупцэм пыщIэ Iэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрыгъагъэхьэзырым теухуа хьэбархэм фыщыгъуэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьуну Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

Мы махуэхэ

100

Совет Союзым и Лбыхъужь АЦУМЫЖЬ Айдэмыр

Ацумыжь Айдэмыр тенджызэ Іуфэм Іус Шахэкіей шапсыгъ къуажэм 1912 гъэм къышцальхуащ.

Бийр Кавказ Ищхьэрэм къэблэгъауэ, Псыжь щыпсэухэм шуудзэ корпус кьиізэрагъэпэщауэ щытащ. Абы хьихьащ Ацумыжь Айдэмыри.

Шапсыгъ щалэр зыхэт шуудзэм Кавказым къиужьыгъа бийм хэщІыныгъэшхэр иратащ 1942 гъэм и гъэмахуэм. Абы щыгъуэ Айдэмыр кратащ «Хэку зауэ» орденым и яп» нагъыщэр.

Новкус-Артезиан къуажэм деж (Псыжь губгъуэ) зауэ гуащІэ щекІуэкІащ 1942 гъэм. Абдежми лыигъэшхуэ къщыцгъэльэгъуащ адыгэлІым: ар зыхэт батареем нэмыцэ танк, топ куэд икъутащ, фашист куэди зэтриукІащ. А зауэ гуащІэм хэкІуэдащ езы Айдэмыри. Совет Союзым и ЛІыхъужь щІэр абы 1943 гъэм кьыфІащащ.

ЛІыхъужьым и цІэр фІащащ ар кьыщалхуа шапсыгъ къуажэм дэт еджапІэм, фэеплъи щыхуагъэуващ Шахэкіей.

Совет Союзым и ЛІыхъужь ФІЫЦІЭ Іэбубэчыр

ФІыцІэ Іэбубэчыр Адыгейм щыщ Бамбасэкъ къуажэм 1912 гъэм къышалъхуащ. Шапсыгъщ, Зауэм кІуа нэужь, Керчь, Таганрог, Мариуполь дэж щитІысыкІа десантым хэтащ.

ФІыцІэ Іэбубэчыр Совет Союзым и ЛІыхъужь щІэр кьыщІафІащар Николаев къалэр хуит кьыщащІыжьым зэрихьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэщ: а къалэм и кьухъ тедзапІэр яубыдын папщІэ, десант ирагъэтІысыкІауэ щытащ, зауэлІ 67-рэ хьуэу; абы хэтащ адыгэлІ хахуэри. Кьхьуь тедзапІэр яубыдри, ди сэлэтхэр бийм пэщІэтащ, ди дзэр яльэІэсыху.

Десантым хэтам щыщу псэууэ кьэнар цыхьу пщыкІутІщ; ФІыцІэ Іэбубэчыр уІэгъэ щыхьуащ абдежым, ауэ и пщэ кьыдалъхьа кьалэныр игъэ ІэщІэн хуэзфІэкІащ. Кхъуь тедзапІэр зыубыдауэ щыта зауэлІхэм псоми кьыфІащащ Совет Союзым и ЛІыхъужь щІэр. Николаев къалэм дэж Ингул псым и бжьэпэм нобэ тетщ абыхэм я фэеплъ.

Адыгэ щалэр 1944 гъэм зауэм хэкІуэдащ. ФІыцІэ Іэбубэчыр и цІэр фІащащ Банэхэзэ курыт еджапІэм.

ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд.

★★★

Афэрым, Резиуан!

Дзэм хьыхэну мурад зыщІ дэтхэнэри абы щыхуагъэхьэзыр еджапІэм щІэтІысхьэныр тынШкъым. Япэрауэ, спортым удихьэхрэ уи Іэпкьлъапэкъкіэ уипсыхьауэ, шкОлым фІыуэ ущыджауэ щытын хуэфащ. Эи гугъу фхуэсщІыну нЫбжьыщІэр а гугъуэхьхэм пэлъэщаухэм, ерыщу и мурадым хуэкІуэхэм ящыщщ.

ЛЪЭКЪУЩО Резиуан Ислъэмей къуажэм къыщалъхуащ, курыт еджапІэр нэгъабэ дыщэ медалкІэ къыуащ. Школым щыщІэсым Іэщ Іагъэ хуэхъунур абы къыхахакІэт. И мурадым лъэІэсын, ар къехъулІэн папщІэ нЫбжьыщІэм спортым зыхигъэзэгъащ, физикэмрэ математикэмрэ фІыуэ иджащ. Ар мызэ-мытІэу республикэ олимпиадэхэм щытекІуащ. А псори сэбэн кьхьуэхьжащ Резиуан Санкт-Петербург дэт Дзэ инженер-техникэ университетым щыщІэтІысхьэм. Ар щхьэх зымыщІэ, гупсысэ куу, акъыл жан зыбгъэдалъ, лъагапІэщІэхэм хуэпабгъэ щІалэщ.

Резиуан ягъэ курсыр «тхуэзащІэкІэ и кІэм нигъэблагъащ. Ар абы и ягъэ ехьулІэныгъэщ, адэкІи зэрызиужьынур къэзыгъэльагъэщ. Лъэжьущо университетым и курсант нэхъыбэщІ. Ар зи нэІэм щІэт университетым и унафэщІхэр, егъэджакІуэхэр абы кьыщытхъуащ, псалъэ гуапэхэр кьыщыхьа фІыщІэ тхыгъэхэр зыхэкІа унагъуэм къыІорагъэхьащ.

Резиуан и ехьулІэныгъэм щогугъІыкІ и анэ Светэ (ди жагъуэ зэрыхъущи, и адэр щалэру дунейм ехьжащ), и адашхуэ-анэшхуэхэу Хьисрэ Женярэ, и адэ къуэшхуэ Аслъэнрэ Хьэутийрэ. А нэхъыжьхэм щалэм гъэсэныгъэфІ бгъэдалъхьащ, гъащІэм и нэхъ лъапІэныгъэхэм ящыщ, мыкъэнэ зиІэ щыІэныгъэм, зэпІэзэрытыныгъэм, мурадыр зэгъэхъулІэныж хуауцяящ.

Ислъэмейдэсхэр Резиуан хуэщІапэхэрэ зэрыгушхуэр. Нобэ къэралым щагъэлъапІэ Хэкум и хьумакІуэм и махуэмкІэ нЫбжьыщІэм дохьуэхьу. Кьыхиха Іэщ Іагъэм ехьулІэныгъэ щыхьІэрэ щыхьІэрэ, лъагапІэщІэхэм хуэпабгъэу и мурадхэр зригъэхьулІэну, насыпыфІэу псэуну, и нэхъыжьхэр куэдрэ игъэгуфІэну ди гуапэщи, Тхьэм кьыхуэпищэ!

КЪАРДЭН Мухьэмэд.
Бахьсэн район.

● Щапхъэ

Афганистаным ильэс зыбжанэкІэ дзэ кьалэныр щезыхьэха, КъуэкІыпІэ Жыжьым и дзэ окрутым и пулемет-артиллерие дивизим и унафэщІу щыта, «Лыгъэ зэрызэрихьам папщІэ», Вагъэ Плъыжь орденхэр, «Зауэм щІа ехьулІэныгъэхэм папщІэ», «Хахуагъэм папщІэ» медалхэр зыхуагъэфаща Лы хахуэт, адыгэ ныбжьыщІэ гъэзэгъэнэр къэзыкІуа генерал щыпкъэ Бахьсэн Хьэмиш. Ар 2008 гъэм и нЫбжьыр ильэс 49-рэ фІэкІа мыхьуауэ дунейм ехьжащ.

★★★

Офицерхэр ягъэ итщ

● Лыгъэ

Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд ГъуэкІэ Хьэсэнбий щыхь дамыгъэ ирет.

Зэхуэсым кърихьэлІа ветеранхэр.

ХЭКУМ и хьумакІуэм и махуэм ирихьэлІэу КъБР-м и дзэ комиссариатым и актовэ залым щекІуэкІащ дзэ кьулыкъум и ветеран офицерхэм я зэхуэс. Абы кьрихьэлІащ КъБР-м жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Іуэхуэсакіэ и кьэрал комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**, КъБР-м и Іэтащхьэм деж Жылагъуэ граждан институтхэм зегъэужьныкъэ цІыхухэм я хуитыныгъэмкІэ щыІэ комиссэм жэуап зыхь и секретарь, балъкъэрхэм я «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и нэхъыжь **Беппаев Суфьян**, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэт, Осетие Ищхьэрэ - Аланием Тезырэр щрахьэкІ Іэнатіэхэм цІыхум и хуитыныгъэр кьызэрыщІэзэрагъэпэщыр зи нэІэм щІэт Жылагъуэ кІэльыплъакІуэ комиссэм и тхьэмадэ **Кучер Александр,** зауэм хэта ветеранхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм я гъэкъэкІэр Кавказ Ищхьэрэм щыізэзыгъэуІу советым и унафэщІ **Тхьэгъэлэдж Тимур,** УФ-м и ДОСААФ-м и Къэбардей-Балъкъэр къудамэм и Іэтащхьэ **Іэщ Юрэ**, республикэм и министерствэхэм, Пенсэ фондым я лЫкІуэхэр, нэгъуэщІ щулыкъущІхэр.

ЗэІущІэм кърагъэблагъат ветеран зэгухьэныгъэхэм я щыІэпІэ советхэм, республикэ, къэрэ, районыгъэ комиссариатхэм я кьудамэ нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэр, Хэку зауэшхуэм, дзэ кьарухэм, хабзэхьуэмэ Іэнатіэхэм, лЫкьыгъэм жьыдкэрэ хэтахэр. Абы зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ ветеран зэщІэхьеенныгъэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм, щыхухэр дзэ кьулыкъум зэрыхуагъэхьэзырым кьытеувыІащ, кьыізэхуэсахэр нэхъ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр утыку кьрахьащ.

- Мыр ди япэ зэІущІэщ. Ар кьыщыхэтлъхьам кьыддэзыІыгъа. Кьэбардей-Балъкъэр и дзэ комиссариатым и унафэщІ Хьэрамокъ Евгений фІыщІэ хуэощ. ДызэшІзуэ етІанэгъэ дытехьэмэ, ар екІуу, ветеран нэхъыбэ къыбдІапІэу, Хэкум и хьумакІуэм и махуэшхуэм хуэфащэ пшыхь екІуу Кьэрал концерт гъэпэгъуэапІэм щедгъэкІуэкІыну ди мурадщ, - жиІащ зэІущІэр кьыщыдзэІунхым, абы и кьыізэгъэпщакІуэ, Зауэм, іэжьыгъэм, Іэщ Іэкіэ Зэщ Іуэзэда Кьарухэмрэ хабзэхьуэмэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм я Къэбардей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд, иджыпсту зэгухьэныгъэм кьыізэщІебыдэ цІыху мин 128-м нэблагъэ. Хэку зауэщхуэм и ветеранхэр зэрыхьужьхэр 800-щ, абы и зэхуэдитІым нэблагъэр Налшык кьалэм щопсэу. ГуащІэдэкІым и лЫхъужьхэр цІыхун 8, Іэжьыгъэ щыхьым и кавалергъэр - 2 мэхъу, зауэ щыхьым и кавалергу 1 щыІэщ. Тыпым щыгъэкІа, зауэ лъэужьыр гъэкІуэдыжьым и гуащІэ хэзыльхьахэм ящыщу нобэ дниІэ ветеранхэр мин 12-м нобліагъэ. Зауэм и зэранкІэ фызабэу кьэнаХэм ящыщу псэужьыр щыхун 137-рэщ. Республикэм лэжьыгъэм и ветеранхэр мин 54-м щыиос. ІэщэкІэ Зэщ Іуэзэда Кьарухэм я ветеранхэр 1100-рэ мэхъу, хабзэхьуэмэ Іэнатіэхэм я ветеранхэр мин 2,5-м нобліагъэ. КьыізэрыгуэкІ пенсионерхэр щыху мин 40-м щІегъу.

- Ди зэгухьэныгъэм и лЭжьыгъэрэ Пашты Борис зи унафэщІ комитетым и нэІэ щІэтщ, Урысей ДОСААФ-м и щыналъэ къудамэм пыщІауэ Іуэху зэмылІуужьыгъуэхэр идогъакІуэкІ, ахэр ди деежкІэ щІэгъэкъуэныщхуэщ. Пыщэныгъэ яхуди1щ Узынщагъэр хъумэнымкІэ, Іэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ, Егъэдэжныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, адрей министерствэхэми, УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбардей-Балъкъэр къудамэм, нэгъуэщІ Іэнатіэхэм. Ди кьалэн нэхъыщхьэр ветеранхэм я социальнэ хуитыныгъэр хьуэмэнырщ. Гупльэгъэ хэха худощІ, тхуэзфІэкІ хьідольхьэ ЛъахэМ щыпсэу лъэпкъхэм яку зэгурыІуэныгъэ дзЕлъныМ, мамырыгъэр щытепщэныкІ. Дэ драбийщ лъэпкъ зэхэгъэжьым, экстремизмымрэ террорымрэ. Дэ кьулыкъым и офицерхэр, іэжьыгъэм и ветеранхэм я щапхъэу щІэблэр кьэгъэтэджыным гулъытэ хэха худощІ, абы теухуа Іуэхугъуэхэр идогъакІуэкІ. Іэжьыгъэм кьыпэкІуэ пенсэм хэгъэхъуэным тхуэгъауэ Іуэхуэр ильэсищ и пэкІэ Урысей Федерацэм и Президентым и деж кьыщыізыІэтахэм дриг дащыщщ. Беппаевым и жэрдэмкІэ кьэтпщытащ цІыхухэм я хуитыныгъэр медицинэ Іуэхущ1апІэхэм зэрыщагъэзащІэрэ, - кьиГъэпэгъуащ Шыхъуэбахъуэм.

АдэкІэ кьыізэрыхинэщащи, дзэ кьулыкъым и ветеранхэр Къэбардей-Балъкъэр псэупІэкІэ кьыщызэгъэпэщащ. Урысейм и Іуэхугъэр ильэсищым кьрнубыдэу щызэІфІахьну я мурадщ. Апхуэдэ ветеранхэм я пенсэм хэхъауащ. Ар кьытеувыІащ дзПэкІэ гу ягъэ зыгъыбтапхъэхэм, зыхуагъэувыж кьалэн нэхъыщхьэхэм.

- Офицерхэр сыт щыгъуэ хэкъум, лъэпкъым яхуэпэжщ, сыт и лъпыкъуэкІи псы-хьащ, жэуапльныгъэр зыхэзыщІэщ. Хэку зауэшхуэм, зэпэщІэувэныгъэхэм я ветеранхэр властымрэ кьэралым я унафэщІхэмрэ я чэнджэщэгъуэ щытын хуейуэ кьыізолъытэ. Кьэралым щыщыІэщытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэрызихъуэжам гу лъыбботэ. Зэкъуэту адэкІи абы и зыужьыныгъэм дыхущІэкъун, кьадзэжьа пщІэр кьыхьщІэкІ «Хэкум и ешІ, - жиІащ Шыхъуэбахъуэм.

КъыкІэтъыкІуэ ар кьытеувыІащ Путин Владимир печатым кьытрыригъэдза зи чэзу тхыгъэр кьэкІуэнум зэрыхуэгъэпсам. Урысейм и премьер-мин яку кьыщІэт Іуэхугъуэхэр зэрыдиІыгъыр жиІащ.

КъБР-м и дзэ комиссарым и къуэдзэ Лъхъ Мухьэмэд кьыізэхуэсахэм Хэкум и хьумакІуэм и махуэмкІэ яхьуэхьурэ, Урысей Федерацэм и щыхухэр дзэ кьулыкъум зэрыхуагъэхьэзырым кІэщІу кьытеувыІащ. Ар тІуэу зэщхьэщхьа, зыр Іэмал зимыІэщ, етІуанэр я фІэфІныгъэкІэ кьыхах. Лъхъым кьыізэрыхигъэщамкІэ, ахэр щхэпхэм, еджапІэхэм я программэм хуиубдэу ирагъэкІэкІ, дз частхэм я базэхэм зыгъэсэныгъэхэр кьыщыізэрагъэпэщ. 2011 гъэм ІэщэкІэ Зэщ Іуэзэда Кьарухэм я Іэщ Іагъэпі 805-рэ яГъхьэзыраІ.

- Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм, Лъэпкъ шыпагъуэншагъэмкІэ комиссэм я щэкІэ, Осетие Ищхьэрэ - Аланием и унафэщІхэм, а республикэм щыщІэсыхуэм, си щхьэм кьыдбгъэдэкІыу Хэкум и хьумакІуэм и махуэмкІэ си гуапэу сынывохьуэхьу щІэ зыхуэтщІ ветеранхэм, кьызэхуэса псоми. Фэ фыдигъунэгъущ икІи дэрКІэ фыІтапІэщ. Фи ехьулІэныгъэхэм, зыужьыныгъэм дыгощогуфыкІ. Офицерхэм куэд зэфІахьфынущ ди кьаралыр нэхъри лъэщ, ди цІыхухэр нэхъ насыпыфІэ хьуным теухуауэ, - жиІащ кьыкІэлъыкІуэу утыкур хуит зыхуащІа Кучер Александр.

ЗэІущІэм кьрагъэблагъа ветеранхэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ Пашты Борис, Беппаев Суфьян, Іэщым Юрэ, Прохладнэ куейм и ветеранхэм я советым и унафэщІ Зуев Виктор, Іуащхьэмахуэ куейм и ветеран зэщІэхьеенныгъэм и тхьэмадэ Гулиев Исмэхьил, ракетэдзэм и ветеран Мэремкъул Лиуан сымэ, нэгъуэщІхэми.

ЦІыхум и хуитыныгъэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэ Зумакулов Борис и Іэдакъэщ1экІ «Командировка на войну» зыфІищ, ди кьаралым и сэлэт куэдыр зыхэта афган зауэм, абыхэм щыізэрахьа лЫхъужьныгъэм, я нэгу щІэкІа гугъуэхэм теухуа тхытыр ветеранхэм я район советхэм я унафэщІхэм яритащ.

КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я ІуэхухэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІ Пащты Борис офицер зэхуэсым кьрихьэлІахэм Хэкум и хьумакІуэм и махуэмкІэ ехьулІэныр, КъБР-м и Іэтащхьэм и Унафэм кьеджащ. Кьанокъуэ Арсен и Указым ипкъ иткІэ, республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапІэр, КъБР-м и Щыхь тхылъыр, хуагъэфащащ республикэм и дзэ комиссариатым и кьулыкъущІэхэу Кьэгъэзэк Хьэбас, Кьыштыков Борис, Соблыр Мухьсин сымэ.

Кьэрал дамыгъэ, щыхь, фІыщІэ тхылъ зэмылІэужьыгъуэхэр зи кьалэныр хьэлэлу езыхьжьІ офицерхэм, ветеранхэм хуагъэфэщащ. ДОССАФ-м и щыналъэ къудамэм и унафэщым и кьуэдзэ Мащыхьэу Хьусен Урысей ветеран зэгухьэныгъэм и щІыхь тхылъыр, «Дзэ зэкъуэшІыныгъэ» зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Гъуэкіэ Хьэсэнбий щІыхь дамыгъэ иратащ. Гулъытэ зыхуащІахэм ящыщщ генерал-лейтенант Беппаев Суфьян, ягъэ рантым и капитан Сокъур Башир, Хэку зауэшхуэм Хэта КьуэщІысокъуэ Мурид сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм кьызэрыщІыхьагъэщащи, нобэ ягъэтъапІэ Хэкум и хьумакІуэм и махуэм теухуа зэхьэхьэ гуапэхэр, Іуэхугъуэ зэмылІуужьыныгъэщи, я Іуэхугъэ Пашыки республикэм и куейхэми щекІуэкІынущ.

УАРДЭ Женя.

★★★

Къигъэщ1ар мащ1эми, и цІэр яцыгъупщакъым

● Фэеплъ

Дунейм и планэнэ щхьэхуэхэм къыщыпльэ зауэхэм гущІэгъунщэу хэкІуэдэ псэ хёйкъм я бжыгъэр къыпхуэльытэнукъым. Зэи мыкІыжыну уІэгъэ я гум кьытонэ апхуэдэ гувэр зыгъэгъэвыну къызыхуихуа унагъуэм исхэм.

1979-1989 гъэхэм Афганистаным щекІуэкІа зауэм и мафІэ бзийхэм яз зи жьэгу дэхуахэм ящыщщ Псыгуэнсу къуажэ дэс Кьардэн Владимир и унагъуэр. Хьыджэбзищэ щІалищэ яПІу, зым Іэпыхэр адрейм кьищтэжу зэдэпсэу Владимиррэ Женярэ я къуэ Ратмир и нЫбжь щынэсым, дзэм кьулыкъу щищІэну ираджащ. Псыгуэнсу курыт школ №21-р «5» защІэу кьэзыуха щалэщІэр Налшык технологие техникумми щеджат, технолог Іэщ Іагъэри зригъэзытат.

Балигъыпім иува щІалэщІэм кьыпэщІыпр дзэ къулыкъурати, гукъыдэжышхуэ хуиІэу Совет Армэм кІуат Ратмири. Афганистаным зауэр и гуащІэгъуэу щыщкІуэкІым хиубыдащ Кьардэным и дзэ кьулыкъур. Ратмир и командирым етх щалэм и характеристикэ: «Дзэ кьулыкъум кьызэрыградзэрэ сержант нэхьыщІэ Кьардэным зыкъыгъэлъэгъуащ гъэсэныгъэ, жэуапльныгъэ зыхэлъ, пщэрыльэ щыпщІыр тэмэму зыгъэзащІэ сэлэту. Ар сыт хуэдэ Іуэхуми хьэлэлу пэрытщ, еджащ, Іэчльэчщ, политикэм хуэІущІ».

1984 гъэм щІыщІыпІэм и 14-м армэм ягъэкІуа щІалэм кьэпэлъэр хэт ищІэнт? Гур зэрыгъэм дыгъур ирокъ жьыхуэІэрати, Ратмир здащІэ щІыпІэм ирашуРа Афганистаным сэлэтхэр яІущу зэхэзыха адэ-анэм апхуэдэ гуныМ щІалэр яхэмыхуэн щхьэкІэ, и адэ къуэшыр яГъэкІуат, нэхъыщхьэхэм ирагъэпсэлъэну. Яхуэзат, ягурыІуэ хуэдэуи къэкІуэ. Ар сыт щыгъуэ ахэр дзэныгъэ щхьэгъусэ пэж, анэ гумащІэ, ныгъуэм и гуащІэ Лидзэ.

КІэщІу зи гугъу фхуэсщІа зэныбжьэгъуэхэм нобэрей жьэгъуэхэм зэкъуэжьмкІэ сохьуэжьу. Узынщагъэ яІуу, я лэжьыгъэм ехьулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьэу кьэдгъэкІыну. Ди ныбжьыщІэхэм я Іуэхугъуэхэр щІэныгъэкІэ, адрей министерствэхэми, УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбардей-Балъкъэр къудамэм, нэгъуэщІ Іэнатіэхэм. Ди кьалэн нэхъыщхьэр ветеранхэм я социальнэ хуитыныгъэр хьуэмэнырщ. Гупльэгъэ хэха худощІ, тхуэзфІэкІ хьідольхьэ лъахэм щыпсэу лъэпкъхэм яку зэгурыІуэныгъэ зЕлъныМ, мамырыгъэр щытепщэныкІ. Дэ драбийщ лъэпкъ зэхэгъэжьым, экстремизмымрэ террорымрэ. Дэ кьулыкъым и офицерхэр, іэжьыгъэм и ветеранхэм я щапхъэу щІэблэр кьэгъэтэджыным гулъытэ хэха худощІ, абы теухуа Іуэхугъуэхэр идогъакІуэкІ. Іэжьыгъэм кьыпэкІуэ пенсэм хэгъэхъуэным тхуэгъауэ Іуэхуэр ильэсищ и пэкІэ Урысей Федерацэм и Президентым и деж кьыщыізыІэтахэм дриг дащыщщ. Беппаевым и жэрдэмкІэ кьэтпщытащ цІыхухэм я хуитыныгъэр медицинэ Іуэхущ1апІэхэм зэрыщагъэзащІэрэ, - кьиГъэпэгъуащ Шыхъуэбахъуэм.

АдэкІэ кьыізэрыхинэщащи, дзэ кьулыкъым и ветеранхэр Къэбардей-Балъкъэр псэупІэкІэ кьыщызэгъэпэщащ. Урысейм и Іуэхугъэр ильэсищым кьрнубыдэу щызэІфІахьну я мурадщ. Апхуэдэ ветеранхэм я пенсэм хэхъауащ. Ар кьытеувыІащ дзПэкІэ гу ягъэ зыгъыбтапхъэхэм, зыхуагъэувыж кьалэн нэхъыщхьэхэм.

- Офицерхэр сыт щыгъуэ хэкъум, лъэпкъым яхуэпэжщ, сыт и лъпыкъуэкІи псы-хьащ, жэуапльныгъэр зыхэзыщІэщ. Хэку зауэшхуэм, зэпэщІэувэныгъэхэм я ветеранхэр властымрэ кьэралым я унафэщІхэмрэ я чэнджэщэгъуэ щытын хуейуэ кьызолъытэ. Кьэралым щыщыІэщытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэрызихъуэжам гу лъыбботэ. Зэкъуэту адэкІи абы и зыужьыныгъэм дыхущІэкъун, кьадзэжьа пщІэр кьыхьщІэкІ «Хэкум и ешІ, - жиІащ Шыхъуэбахъуэм.

КъыкІэтъыкІуэ ар кьытеувыІащ Путин Владимир печатым кьытрыригъэдза зи чэзу тхыгъэр кьэкІуэнум зэрыхуэгъэпсам. Урысейм и премьер-мин яку кьыщІэт Іуэхугъуэхэр зэрыдиІыгъыр жиІащ.

КъБР-м и дзэ комиссарым и къуэдзэ Лъхъ Мухьэмэд кьызэхуэсахэм Хэкум и хьумакІуэм и махуэмкІэ яхьуэхьурэ, Урысей Федерацэм и щыхухэр дзэ кьулыкъум зэрыхуагъэхьэзырым кІэщІу кьытеувыІащ. Ар тІуэу зэщхьэщхьа, зыр Іэмал зимыІэщ, етІуанэр я фІэфІныгъэкІэ кьыхах. Лъхъым кьызэрыхигъэщамкІэ, ахэр щхэпхэм, еджапІэхэм я программэм хуиубдэу ирагъэкІэкІ, дз частхэм я базэхэм зыгъэсэныгъэхэр кьыщызэрагъэпэщ. 2011 гъэм ІэщэкІэ Зэщ Іуэзэда Кьарухэм я Іэщ Іагъэпі 805-рэ яГъхьэзыраІ.

- Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм, Лъэпкъ шыпагъуэншагъэмкІэ комиссэм я щэкІэ, Осетие Ищхьэрэ - Аланием и унафэщІхэм, а республикэм щыщІэсыхуэм, си щхьэм кьыдбгъэдэкІыу Хэкум и хьумакІуэм и махуэмкІэ си гуапэу сынывохьуэхьу щІэ зыхуэтщІ ветеранхэм, кьызэхуэса псоми. Фэ фыдигъунэгъущ икІи дэрКІэ фыІтапІэщ. Фи ехьулІэныгъэхэм, зыужьыныгъэм дыгощогуфыкІ. Офицерхэм куэд зэфІахьфынущ ди кьаралыр нэхъри лъэщ, ди цІыхухэр нэхъ насыпыфІэ хьуным теухуауэ, - жиІащ кьыкІэлъыкІуэу утыкур хуит зыхуащІа Кучер Александр.

ЗэІущІэм кьрагъэблагъа ветеранхэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ Пашты Борис, Беппаев Суфьян, Іэщым Юрэ, Прохладнэ куейм и ветеранхэм я советым и унафэщІ Зуев Виктор, Іуащхьэмахуэ куейм и ветеран зэщІэхьеенныгъэм и тхьэмадэ Гулиев Исмэхьил, ракетэдзэм и ветеран Мэремкъул Лиуан сымэ, нэгъуэщІхэми.

ЦІыхум и хуитыныгъэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэ Зумакулов Борис и Іэдакъэщ1экІ «Командировка на войну» зыфІищ, ди кьаралым и сэлэт куэдыр зыхэта афган зауэм, абыхэм щыізэрахьа лЫхъужьныгъэм, я нэгу щІэкІа гугъуэхэр теухуа тхытыр ветеранхэм я район советхэм я унафэщІхэм яритащ.

Афганистаным ильэс зыбжанэкІэ дзэ кьалэныр щезыхьэха, КъуэкІыпІэ Жыжьым и дзэ окрутым и пулемет-артиллерие дивизим и унафэщІу щыта, «Лыгъэ зэрызэрихьам папщІэ», Вагъэ Плъыжь орденхэр, «Зауэм щІа ехьулІэныгъэхэм папщІэ», «Хахуагъэм папщІэ» медалхэр зыхуагъэфаща Лы хахуэт, адыгэ ныбжьыщІэ гъэзэгъэнэр къэзыкІуа генерал щыпкъэ Бахьсэн Хьэмиш. Ар 2008 гъэм и нЫбжьыр ильэс 49-рэ фІэкІа мыхьуауэ дунейм ехьжащ.

★★★

Дзэ къулыкъум нЫбжьэгъу зэхуищІахэр

Нобэ зи гугъу фхуэсщІыну, я Іэщ Іагъэрэ лъжьыгъэкІэ республикэм щыщІэрыІуэ, я гур зэІуахауэ щІыхьэм яхуэлажьэ зэныбжьэгъуэхэм армэ кьалэныр зы дзэ частым щрахьэкІащ. «Хэкум и хьумакІуэ нэсщ, зыхэт сэдэт гупым я щапхъэщ, частым и унафэщІхэм я деж пщІэ щызиІэщ» псалъэхэр ахэр зыгъэса адэ-анэхэм ухуагъэхьу дзэ кьулыкъум езыхьэкІахэм ягу кьагъэкІыжьырэ зытепсэлъыхьырэ я куэдщ. Ящыри кьыздэсым щыгуфІыкІыну зэрахьэ а зэманым зытрагъэхуауэ щыта сурэтхэр.

Фыцэ Руслан, Мэремкъул Валерэ, КІэмыргуей Валентин. *1974 гъэ*

КЪЫЗЭРЫХЭЗГЪЭЩАЩІ, ахэр республикэм щыпсэухэм я нэІуасэ щыхуэ тельыджэхэщ: КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр, Щоджэнщ1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей кьэрал драмтеатрым и режиссеру лэжьа, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Фыцэ Руслан, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик Мэремкъул Валерэ, КъБР-м щыхь зиІэ и артист КІэмыргуей Валентин.

Зэныбжьэгъуэхэрэ армэм щыдэкІа совет зэманым, иджы хуэдэу, щІалэгъуалэм дзэ кьулыкъум зыпылІуадзырэщхьэм. Армэр кьалытэрт кьаруКІэ уэзыпсыху, гъащІэм лъэ быдэкІэ ущызыгъэузву, абы и лъапІэныгъэ, Іэфы Іагъэ нэхъыщхьэхэр щызыхэпщІу, нЫбжьэгъу куэд кьэщыбгъуэту. Іэщ Іагъэрэ щІэныгъэрэ зэзыгъэгъуэтэ я щІалэхэм Іэмал яІащ армэм дэмыкІыну, ауэ хэкум и хьумакІуэ кьалэныр кьыхахащ. Фыцэмрэ КІэмыргуеймрэ Мэзкъу дэт, Щукиным и цІэр зезыхьэ театр еджапІэ нэхъыщхьэ кьауха нэужь зы илъэскІэ кьулыкъу щащІэну дзэм ираджащ. Лейтенант званиер иІэу ильэситкІэ кьэралым кьулыкъу хуищІэну Мэремкъулыр армэм дэкІащ.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым икІа щалилищр Краснодар гарнизоным дэт дзэ часть щхьэхуэм щызэрихьэлІащ. Псом хуэмыдэу абыхэм кьащІигуфІкІат ахэр зыхэхуа частым и командирым и кьуэдзэ, ди республикэм щыщ полковник Ахьмэт Тимур. Мыбдеж занщІэу кьыщыхэзгъэщынщи, кьулыкъу нэужьым Ахьмэтыр Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и дзэ кафедрэм и унафэщІу иІэсу кьэдгъэкІэ лэжьащ.

Адыгэ щалэхэм я зэрыщыхунигъэр нЫбжьэгъуэм хуэжьуэри, кьапэщІэт кьалэмкІэ щІыхь пыІуэ зэрыгъэзащІэным яужь ихьащ. Дауи, тыншкъым армэ гъащІэм уесэну. Жьыуэ укьыщІахуэт, жаІэр бгъэзэщІэн, куэдым зебгъэсэн, ухуэдежэн, Уставым ит статьякъэм ящыщкъэ щІыхь пыІуэу зэрыгъэзащІэным яужь ихьащ. Дауи, тыншкъым армэ гъащІэм уесэну. Жьыуэ укьыщІахуэт, жаІэр бгъэзэщІэн, куэдым зебгъэсэн, ухуэдежэн, Уставым ит статьякъэм ящыщкъэ гукІэ зэбгъэщІэн, ахэр уи кьулыкъым кьыщыщбгъэзэну. Іэщ Іагъэрэ щІэныгъэрэ зэзыгъэгъуэтэ я щІалэхэм Іэмал яІащ армэм дэмыкІыну, ауэ хэкум и хьумакІуэ кьалэныр кьыхахащ. Фыцэмрэ КІэмыргуеймрэ Мэзкъу дэт, Щукиным и цІэр зезыхьэ театр еджапІэ нэхъыщхьэ кьауха нэужь зы илъэскІэ кьулыкъу щащІэну дзэм ираджащ. Лейтенант званиер иІэу ильэситкІэ кьэралым кьулыкъу хуищІэну Мэремкъулыр армэм дэкІащ.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым икІа щалилищр Краснодар гарнизоным дэт дзэ часть щхьэхуэм щызэрихьэлІащ. Псом хуэмыдэу абыхэм кьащІигуфІкІат ахэр зыхэхуа частым и командирым и кьуэдзэ, ди республикэм щыщ полковник Ахьмэт Тимур. Мыбдеж занщІэу кьыщыхэзгъэщынщи, кьулыкъу нэужьым Ахьмэтыр Кьэрэ я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд.**

Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, иджыпсту зэгухьэныгъэм кьызэщІебыдэ цІыху мин 128-м нэблагъэ. Хэку зауэщхуэм и ветеранхэр зэрыхьужьхэр 800-щ, абы и зэхуэдитІым нэблагъэр Налшык кьалэм щопсэу. Гуащ1эдэкІым и лЫхъужьхэр цІыхун 8, Іэжьыгъэ щыхьым и кавалергъэр - 2 мэхъу, зауэ щыхьым и кавалергу 1 щыІэщ. Тыпым щыгъэкІа, зауэ лъэужьыр гъэкІуэдыжьым и гуащІэ хэзыльхьахэм ящыщу нобэ дниІэ ветеранхэр мин 12-м нобліагъэ. Зауэм и зэранкІэ фызабэу

75 Ди щIылъэр щремыщIэ зэи удз дахэ!

Зэманым и джэрпэджэж

Къэбэрдей усакIуэ щIэрыIуэ Гъубжокъуэ Лиуан кIыIэратIхурэ илъэс 75-рэ нэхъу. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ гупсысэ кIуэкIэ гъэнщIа усыгъэ купщафIэ куэд, аэрэ хабжэ къэбэрдей поэзием и лъагапIэм.

Гъубжокъуэ Лиуан Мухьэмэд и къуэр Жэмтхьэлэ кIуажэм 1937 гъэм мазаем и 23-м къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и адыгэ къудамэр кIуухащ, Республикэ библиотекэм, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцием щылэжащ.

Лиуан и усыгъэхэм щыгъуазэ дыщыхьуащ «Шэрэдж толъкъунхэр», «Насыпгушэ», «Жэщ гупсысэхэр», «Зэманым и джэрпэджэж», «Дыгъапсэ», «Нужьрей уафэхъуэпскI» уэ тхылъхэм, абыхэм я фIыщIэр щыгъуэхьэсащ 2008 гъэм кIыдэкIа «Усэхэмрэ поэмэхэмрэ» сборникым.

УсакIуэР 1988 гъэм дунейм ехыжащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Усакіуэ Гъубжокъуэ Лиуан *(1937-1988)*

Гурыщіэ къабзэ

ДУНЕЙМ дахэу, гуапэу тригъаугъэ псоми щыгуфIыкIыу, «гъэпаэр гъунэгъу Іыхьэу» кIыригуэшэкIыу, гумащIэу, псэ дахэ иIэу усакIуэм и гущIэлъапсэм «кIриха» мы зы «усэ напIэр» кIыхьыхэтха «Си лъахэ - си удз дахэ» усэм фIэкIа имытхами, ди гум къыщIитхъыу зи гъащIэ пшынатIэр зэпыча Гъубжокъуэ Лиуан зэрыусакIуэ нэсыр гъэущынэгъкIым.

ПсэкIэ зыхимыщIауэ, и псэм кIыбгъэдэмыкIауэ Лиуан зы уси итхакъым. Усэ тхыпIыр зи и зэштегъупIэу щытакъым. И «губамПэр» (фIы ирехъу, Іей ирехъу, и гум къыдирихьейр) «эригъэтIыс- гурыщIэ псальэт усэр.

Лиуан дунейм ехыжа нэужь, кIыдагъэкIыжауэ щыта «Нужьрей уафэхъуэпскI» усэ сборникым ит усэхэм ящыкIы дыдэ щIэрыщIэу сыкъедджэжащ. А тхыпIым нэхъ пасэу сэ сызэмыджа иткым, сыту жыпIэмэ Лиуан щIалэ дыдэу япэ лъэбакъуэ поэзием щича зэманым къыщыщIэдзауэ и творчествэм зэрызижьам сыщыгъуазэщ, иныэс зыбжанэкIэ «Іуащхьэмахуэ» журналым дыщыкIэздзэжьащ. И усэхэм хуэдэу, езы Лиуани гумащIэу, гуапэу, «макъ щабэу», фэрыщIыгъэ лъэпкъ хэмыIуу зэрыщытам сыщыгъуазэщ. Лиуан и хьэтIыр, и макъыр нэгъэущIхэм яхэгъуэщнкIэ Іэмал зимыIэщ. Абыхэм яхэль гурыщIэм, гупсысэм «укъыIэщIаIэтэ» къудейкъым, атIэ цIыхуэр зэмри дунеягъэми пыща къэхъуГхэхэм кууэ урагъэгупсыс. Езы Лиуан игу хэщIу зэритхыжауэ, адэIэ щабэ жыхуаIэр зи щхьэфэм кIыте-мыIэба, гу щIмыхуэу зи анэр пасэу зыIфIэкIуэда усакIуэм и мащIэкъым цIыхур зыгъэгумащIэ, гущIэгъулы зыщI, нэщхьеягъуэм и ныбжь мащIэ зытепIь, пльэмыкIыу уи нэпсыр кIыщIэзыху усэ гумащIэхэр. Гъубжокъуэм егъэлеяуэ куэд имыхьамэ (ар зэи хущIэкъуаIэкъым усэ нэхъыбэ зэритхыным), абы кIыщIэна усэ телъыджкэзэр адыгэ усыгъэм гъэуэкъ дахэу кIыхэнащ, тхыпIкъэхэр ящыкIы и гум гуапэу кIынащ.

Быдэу ди фIэщ мэхъу: Лиуан хуэдэ усакIуэ хэкуми гъэпкъым щыгъупщэн хуейкъым.

ШЭВЛОКЪУЭ Петр.
1997 гъэ

Уэрэдым и къежьапIэ

УЭРЭД жиIэ зэпыту псэуа закъуэтIакъуэхэм ящыщ Гъубжокъуэ Лиуан. Сабиигъуэ гурыфIыгъуэнщэмрэ щIалэгъуэ хьэлъэмрэ къапрыкIа, псэуну щIидзауэ къэщыцфIэщIым, гъащIэр зэуэ кIыкатрыкIфIа пIэнтIым...

Поэзие - аращ Лиуан псэуху жиIа уэрэдым зэрреджэр. Бохъшэм иплъхъэ е къыгуфбдзэкъыкI мыхъу псоми пщIэ лъэпкъ щыхуэмышIэж мы ди зэманым шэщIауэ ущIытепсэлъыхьыни щымыIэу къыпщохъу Гъубжокъуэм гъащIэ гъуаззу иIа поэзием. Сыту жыпIэмэ усыгъэр Тхьэм цIыкур гъэнэгъу зэрызэхуищI Іэмалщ. Іэщэ нэщэнэхэр тепщэ щыхъу зэманхэм деж пшэхэм щIахьмэ дыгъэщ. ЗгъэныщIкIуурэ фIэкIа дунейм и фIымрэ и Іеймрэ зэхэзымыдухфхэм къапхугурымыгъэIуэн инки пхуазыхемыгъэщIэн телъыджэщ. Аущ, Тхьэм и шыкуркIэ, щыIэщ, Лиуан хуэдэу, а дыгъэр ноби зи гум кIыщIэзыхьэкI цIыхухэр. ИкIи щыIэнущ.

ІУТIЫЖ Борис.
2007 гъэ

Гъубжокъуэ Лиуан

Шэпсы и Іуфэм

Кьуршыпс цIыкIу,
Мэз бжэну лъакьуэ псынщIэ,
Адыгэш мыгъасэм ещхьу Іэл,
Удыхьэшхэм угъыи кьысхуэмыщIэ,
Хэт кьыпхэзыльхьар апхуэдэ хьэл?

УкьыщIэж кьысфIощIыр анэ бгъафэм,
Уэ анэ быдзышэу сыт бдагъуэн?!
Ди адэжьхэм шыр псы щрагъафэм,
Ягу ирихьу цIэ кьыпфIащагъэнщ.

ПхуащIащ жыгей мэзыр
цIэфIэщ джанэ,
Ар адэжь фэеплъ - зыщIысымбзэнщI,
Щигъэсысхэр жьыбгъэм и кьудамэр
Ди бзэмкIэ Іущащэу сэ кьысфIощI.

Уахуэзэшхэ адыгэ шууейэу
Уи псы Іуфэм щепсыхьу щытам,
Е зи щхьэщыр льэдакъэпэм теуэу
Псыхьэ кьакIуэу уи Іуфэм Іутам?

Ноби, анэм кьыкIэрыхуэ шыщIэу,
Ахэм уакIэльыжьхэурэ уощыщ,
Шэпсы цIыкIу,
ШIэ щIэткьым уэ унгу щыщIэм,
Щумыгъуэткъ абыхэм ящыщ.

Зэуэ кьуедэри аркъэну толькъунхэр,
Тенджжы ФIыцIэм укьегъэувыIэж,
Щогъэтыжри щууейхэм лхьыхьэныр,
Нэщхьей укьэхьуауэ зошыIэж.

Шэрэдж толькъунхэр

Зэтеублэранкі уи толькъунхэм
Пфlощ щIэгъэжауэ купрауэ.
Шэрэдж, ущожьэри кьыр блынкэм
Уэ ущоятэ ди ауэ.

Альп емыльджу Іумпіейуэ.
Уи нэпкъ задитIым уоныкьуэкъу.
Уи лъэкIыныгъэр пщIыну наIуэ,
Дапщэщи ныджэм ухущIокъу.

Зэран кьыпхуэхъуу кьыппэувым
ЛъэклампIащIэуэ зыхубощI,
Гъуэгуанэм пфIэфIкъым ущыгвэу...
Лъэщагъэу уиIэм зэи хэмыщI.

Уоіунщі турбинкэм нарт кьарукIи
Хуогуэшыр нэху унагъуэ кьэс,
Бутх тKIуэпс пIащэр хьуауэ хьуаскIэ
Уи кьуакIэ кIыфIхэми льоIэс.

Жэмтхьэлэ

Дыгъэ бзийкIэ напэр
зытхьэщI кьуршхэм
ИрагъэтIысхьа нэхьей я куэщI,
Кьапхырыплъу и бжей
мэз нэбжьыщхэм,
Си Жэмтхьэлэ бжьыфIэжу зешэщI.

ХьэщIэу укъэкIуэну уэ укъежьэм,
Гъуэгугъэльагъуэ щхьэкIэ
гугъу уемыхь,
Пхъэрыгъажэншэц и куэбжэ
дыхьэпIэр,
Дэ ди кьуажэр зэти щохьу гурыхь.

Пхъэщхьэмыщхьэм
дэщхьэкуэу жыгхэм
Зыпхуагъэщхьыу кьуажэм удашэнщ,
УэфI махуэщIэм пежьа кьуалэбзухэр
Уэрэд хэплъыхьакIэ пхуэушэнщ.

Кьуршым кьриху жьыбгъэ щIыIэтыIэм
Іэплъэм щIыгъуу кьыпхуищIыну уэ ба,
Кьоіущащэу жиIэнщ Жэмтхьэлэпсым,
Кіуа ди сабингъуэм и хьыбар.

Ди Жэмтхьэлэ щыхьэрым пэжьыжьэу
Жьыпіэу дагъуэ хуумыщIыт, ныбжьэгъу,
Мэзкуу кьалэ дримыгъунэгъуми,
Ди колхозыр абы и щIэджэгъущ.



Си ныбжьэгъухэм

Кьыфхуокіуэ фэри си махуэр,
Ныбжьэгъухэ, -
Зэкіэльхьэужьу анэхэр фIэщIокI.
Ажалым зэрминкIэр зы гущIэгъуи
Зэман-зэманкIэ
Фэри фи нэгу щIокI.

Фи анэхэр кьысхуэхьурт анэ папщIэ,
Сшхащ куэдрэ ахэм я
шыгъупIастэ Іэфі.

Анэнщэщ, жаIэу
Нэхъ кьысхуэгумащIэу,
Нэ лейкIэ сэ кьызэпIуу,
Сигу схуагъэфIт.
Севгъэблэгъамэ,
Куэдым кьыщIэупщIэт,
Ягу хэхьэурт
Дызэгъусэу ялъагъуху,
Дыжеижамэ,
ШхыIэнхэр кьыттщIаупщIэрт,
Нэху щыщIи,
Дэр фIэкI, нэгъуэщI я мыIуэхут.

КIуэ пэтми хощI анэ
гульытэу дгъуэтым.
Сошынэ фыанэншэу сыфIупльэн.
Зэкъуэшхэм хуэдэу
дызэкъэзвмыгъэтым,

Дэ щIыи,
Гуаун иэхэ кьыттегупIэнщ.

Льахэм и щIыхуэ

Елбудз бгышхуэм тыгъэ
схуищIт мел кIанэ,
Истхэн папщIэ псальэхэр доскам,
ЗгъэльэпIэнкIэ кьысщыгугът нтIанэ,
Уэрэд зэхэслъхьэфу сэ сыхьуам.

Жэмтхьэлэпсыр сэ кьызэIущащэт,
ЗызгъэпскIыну абы сыхьыхьэну,
Уэ зэрыуейри кьызигъащIэт,
И даущ дахащэмкIэ сихьэхут.

Ди Жыгзакьуэ мэзри жэуап хуейуэ,
КIыгуугу макькIэ куэдрэ кьызэджащ,
Сэ си жэуап псальэр гъуэтыгъуейуэ,
Си гуи си щхьи Іэджэрэ зэбгъэжащ.

Си макъ щабэ зрызмыубыдамкIэ
Зэрыслъэкікіэ льахэм сепсэльащ.
Си кьалэмыр сэ згъэбакьуэу дамэкIэу,
Гугъэм Іэплъэ хуэсщIын сигу ильащ.

Ауэ згъэтхъым льахэм екIун псальэ,
КьысхуищIахэр зэрыспшынкьым,
СощIэ, льахэм сэ и щIыхуэ стельу,
Елбудз льапэ сыщыщIальхьэжьащ.

Автобус къэувыIэпIэм деж

Магъыр щIалэ щIыкIыр зэгъэуду,
Джэшым хуэдэу кьолъэлъэх и нэпс,
Автобусым блишащи и адэр
КьыкIэлъыкIуэ къэувыIэпIэм нэс.

Магъыр сабийр зыми хуэмыудэIуу,
«Папа» фIэщI и макьым къымыкIыж...
Иджыпсту абы и гуэзвэкIэм
ПлышIрэ зы гъэр сэ сигу
къегъэкIыж...

Дыкьыкъуанэу анэм и кIэ кьуагъым
МафIэгуэжьэм машIэм дыхана?!
Псыхэкіуадэу сабийм ди гъы макьыр
Дэ адэншэу дапщэ дыкьэна?!

Абы щыгъуэ мафIэгуэхэм я Іугъуэу
Ди адэхэм я нэку зыгъэпщкIуар
Нобэм къэскIи хэльыкъэ атIэ тхъуГэу
Фызабэхэм я щхьэм кьыхэнаI..

Ей, шоферхэ, мафIэгуэхуэу щыIэ!..
Фи гульэфым, маржэ, фыхуэсакъ,
ФытемыпльэкуэкIыу фыкьэзыIыкI,
Къэмыёу щIыкIэ сабийм я гъы макъ!

ШIэблэр топ уэ макъым
зыкIи хуейкьым,
Кьыхэмыщту ахэр ирежей...
Шымы, псымы, уэгумк фыщIэзкIэу,
Зауэ гъуэгур кьыхэмыхь кьудей!



* * *

Удз дахэхэмк яIэщ щIэ зыриз,
Удз дахэхэри кьалъху сабийхэм ещкьу;
ШIы-анэм и Іу бахьэр я Іум щыз
Зэрыхьуу щIадзэ мы дунейм кьытехьу.
Удз дахэхэм зэрреджэмкIэ, соупщI:
Зыр Сэтэнейщ,
Адрейм зэрреджэр Роэзщ,
Дыгъэпс кьатепсэм,
Я нэ щIыкIуэр ксупщI,
Уэгъу кьащIытехьуэм,
Я щхьэр щIым хуагъаэз.

Удз дахэхэри иралыт сабийм -
ЩагъафIэ Іэплъэм,
Гуапэу Іупэм хуахьыр,
Сабийгъ гу хьэлтэщ - зыкъыпхуаший,
Щыху кьаригъэпскIэм,
ГуфIэу гъащIэр яхьыр.

Удз дахэхэми яIэщ гуфIэ нэпс,
Нэху кьатещхьэху нэбжьыщхьэм
фIэлъыщ уэсэпсыр...
Удз дахэхэр сабийхэм ещхьыркъэпсэщ -
Кьатехэм жэп,
Іэпкьлъэпкъыр щIыIэм есыр.

Гущэ нэщI

Кхъэм дэтэ гущэ кхъэлэгъунэу,
ШIиупскIэу жьыбгъэм зэзэмызэ...
А жьыбгъэ кьепщэм, унгъагъыну
Хуеус мыпхуэдэу сабийм гъыбзэ:

«Махуэ закьуэщ кьэбгъэщIари,
Си псэ, хэт ар зи ягъэр?
Уи нэ щIыкIуэху кьэмыпщIари
Хуэхейт мо кьепс дыгъэм.

Пхурабзэну уэ гущэкьур -
Уиэсакьым игъуэ,
Гущэ нбзэм и пIэу дыркъуэр
Кьуапэм тызольагъуэ.

И лъэужькъэ ар биишэм!
Арт уи гъащIэ пIалъэр...
Укьалъхуат анэ быдзышэм
Уи насып хэмыльу.

Сыт дунейм хэпльагъукIари
Насыпыншэ щIыкIуи?
ПхуамыщI щIыкIэ щIэфIэщ джани
Уахэкіыжт уэ щIыхуэм.

Хьэндырабгъуэ епхужьакьым,
Сэ кьыпхузохуэжкIыр,
Уэ удз дахи уепэмакьым -
Уи пIэкIэ сопэмыр.

Уи щхьэ щIыкIуми сыщIэпщакьым,
ЩIхьэщхэр згъэбырыбу...
Гущэ нэщI сэ щIэзупскIакьым,
Нобэ фIэкI, згъэкIыргъу.

Гущэ закьуэщ кьыплъысари
Ари тетщ уи кьащхьэм...
Гъыбзэу щытми, сэ пхуэзэусыр,
Гущэ уэрэд папщIэщ...»

Апхуэдэу жьыбгъэм иус гъыбзэр
Нэщхьейуэ кхъэм кьыдехьыр,
Зыкуэзэ псори ещI щыгъуаэз,
И гуауэр зэбгрехыр.

Балигъэр гукIэ федэIуэну
Фэ жьыбгъэр кьывольэIур...
Гущэ кIыргъ макьыу гъыбозэм щIэтыр
Бжэр Іуихьыуэ егъэIур.

ЩхьэгъусэРитэ хузотх

Щхьэгъусэ,
Щхьэгъусэ, -
Щыху Іущт ятэ быдэ
А псальэ зэхэльар
Зэгъуэ зыщIар.
Щхьэгъусэ! -
А псальэм бгъуэтынкьым нэхъ быдэ -
Ар жыру псыхьащ,
Ар насыпкIэ гъэнщIащ.

Зэкъуэтщи псальитIыр,
Щышынэркьым щIыIи,
Псэр ильу зы чысэм
Нэху Іэджи ягъэщ...

А тIур зэIэпэгъумэ,
ТекIуэну сыт щыI! -
Здагъэщыр гуфIэгъуэр,
Ажалыр Іуагъэщт.

Яку дэль льагъунигъэм
Сохьуэхьу, сыхуоусэ:
Ирехьу я гухэльыр
Псэухуклэ мыжащI.
ЩхьэгъусэщI,
Щхьэгъусэ, -
Щхьэм псэкIэ и гъусэ, -
Зэкъуэпчмэ а тIур,
Насып вагъэр ижащ.

Си лъахэ - си удз дахэ

«Сяужькіэ хуейми удзи кьремыкI...» -
Жиіат, жи, щIыху Іей гуэрым,
ЩIыIэм щыгъуэ.
СыззэрыцIыкIурэ си гум зэи имыкI
А псальэ Іейхэр - ноби срощыгъуэ.

Ар дауэ щIыхум и жьэ кьыжьдэукI:
«Сяужькіэ хуейми удзи кьремыкI...»

Мо дыгъэ кьепсу псоми хуэжьмартым
И бзийхэм щыщ абы кьыльымысарэ!
Кьыпхитхьыу уэсыр ажэгъуэмэр
мартым
Дунейм кьыщIытехьам ар хэмыIэар?

Ар дауэ щIыхум и жьэ кьыжьдэукI:
«Сяужькіэ хуейми удзи кьремыкI...»

Ди пщIантIэм дэзу сэ удз дахэ згъэкIт,
Щыпхьэнщэу схьыти,
Щыпхьэ кьалэн згъэзащIэу:
Гъэгъахэр гъунэгъу Іыхьэу
кьезгъушэкIт,
Сэ нэщхьыфIагъэт кьайIысхэр
гуфIапщIэу.

Ар дауэ, щIыхум и жьэ кьыжьдэукI:
«Сяужькіэ хуейми удзи кьремыкI...»

СоцIэж, сэ губгъэм Іэджэрэ сыкIуащ,
Си пщащэр згъэгуфIэну удз дахэхьэ,
Сэ куэдрэ гуфIэ нэпсэхэр
кьысфIекIуащ,
Сыкьеджэу уэ удз
кьыщысIэщIальхьэм.

Ар дауэ щIыхум и жьэ кьыжьдэукI:
«Сяужькіэ хуейми удзи кьремыкI...»

Уэшх кьошх,
Е цыIэрыпльхьэу уэсыр кьос -
Ди щIыпIэр щремыщIэ зэи удз дахэ!
Ажалыр бжэм нэхъ благъэщ -
Хьумэ кьэс - «Си ужьыр махуэ
пхухьу...» -

БжьэзоIэ, льахэ.



Сурэтхэр **Пащты Герман** *ищIащ.*

НэгъуэщIт ар зыгъэгулэзыр

«НАСЫПГУЭШЫМ жырытэджырщ хуэзэр» - дэ ар псоми дощIэж. Жьыуэ дыкъагъэтэджкIи папщIэ арат нэхъыжьхэм кьыджаIэр: насып зыгуэшыр нэхъущым кьожьэ, ухуэмызамэ, ухэкIыжащ. ЗыхэбгъэкIыжынт абы плъэкIыу? Апхуэдэщ Лиуан и лиричекэ лIыхъужьри. Ауэ усакIуэ жумартыр, хьэпэлъэр, гу пщIанэр зыщIэхъуэпсыр жьыуэ уэрамым дэльадэу и щхьэ закьуэ и Іыхьэ Насыпгушэм кьыкIэрыуэдыну аратакьым. Ар щIэгулэзыр нэгъуэщIт: щыусакIуэжIэ, езыр щыгъэм уэейщ насыпыр цIыхум яхуигуэшыфу...

КХЪУЭГУФЭ Хьэчим.

Пщэдейрей махуэр иубзыхурт

ЛИУАН и усакIуэ гупсысэр хуегъэлажьэ нэхъ льапIэ дыдэу щыIэм - кьэзыпIуха льэпкъым и дыгъуасэмрэ и нобэмрэ зэпыщIэным, абы и пщэдейрей махуэр убзыхуми, ар дэтхэнэ зы цIыхуми хъуэпсапIэ нэху хуэщIыным.

Псэемыблэкэм, зэфIэкIыжхуэ зэриIэр кьигъэльэгъуэу льэпкъ гупсысэуэм хуэлэжьащ Гъубжокъуэр.

БИЦУ Анатолэ
1997 гъэ

Гугъущ, ауэ зрегъэхъуIэ

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан и тхылъхэр кьыгуэхыпIэ имыIэу епхащ абы и гъащIэм, и щыIэкIэ-псэукIэм. Ар зэи тетхыльхьыркъым фIыуэ зыщымыгъуазэ Іуэхугъуэхэм. Сыт щыгъуи хуосакъ и уэсм и тепIэм, и фащэм, сатырхэм пкъы ящIэту щытынщ. УсакIуэр хущIокъу кьыщIэ темэхэм нэгъуэщIхэм кьамыгъуэта гуэрхэр кьыщигъуэтыным. Ар Іуэху гугъущ, ауэ Лиуан ар зрегъэхъуIэ.

ЩАКIУЭ Марьянэ.
1987 гъэ

Гугъущ, ауэ зрегъэхъуIэ

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан и тхылъхэр кьыгуэхыпIэ имыIэу епхащ абы и гъащIэм, и щыIэкIэ-псэукIэм. Ар зэи тетхыльхьыркъым фIыуэ зыщымыгъуазэ Іуэхугъуэхэм. Сыт щыгъуи хуосакъ и уэсм и тепIэм, и фащэм, сатырхэм пкъы ящIэту щытынщ. УсакIуэр хущIокъу кьыщIэ темэхэм нэгъуэщIхэм кьамыгъуэта гуэрхэр кьыщигъуэтыным. Ар Іуэху гугъущ, ауэ Лиуан ар зрегъэхъуIэ.

Тхьэр зыхуэупсахэм ящыщт

ИГЪАЩIЭ льандэрэ дыдэзрыщIыхуу, ди гъурIи ди щIыпэкIи дызэрыщIэу дыкьыздэкIуэкIа пэтми, Лиуан сэрэ нэхъри нэхъ зэгъунэгъуж, ди натIэ зэтыпа щыхъуар а тхъэмыщкIэр дунейм щекьжьанум и пэ кьыхуэ илъэсипщIырат - зэгъуэсу зы дэжьапIэ пэшым дыздыщIэсащ, щIыху зыпIытху дыхъуун, езымрэ сэрэ ди закъуэуи. Ди пэпхэр нэхъыбэ Іуэ тхуащIауэ зыщыдгуэшым, хэт и гъусэу щIэсыну нэхъ кьыщтэрэ жаIэу щыщIэупщIэхэм, сэ занищIэу жэуап сташ: «Езыр арэзыныэ, Лиуан сэрэ зы пэш дыщIэвгъэтIысхьэ». Дунейм ехьаи и гуэныхъ сыту сщIын? «Хьэуэ» кьыхигъакIакъым абии. Сэ сщIэрт Лиуан тутыныр зэримыжагъуэр, езыми ищIэрт сэ тутын Іугъуэр сызэрижагъуэ бзаджэр. Ауэ сэ мыри сщIэрт: Лиуан укIытэ зиIэ, нэмыс зыхэль Іыхуэт, абы, зэрыжаIэу, езым нэхъра зы хьэнтхъупс шынакъкIэ нэхъ мыхъуми, нэхъыжьым пщIэ хуищIырт, фIэяIыкIырт. Ди тхакIуэ нэхъыжьхэм ялъагъуу ар тутын зэремыфэри, утыкуакIуэу, зигъэжьэшхуэу зэрыщымытри зыщIэр си закъуэтэжьым. УдэгъэгурыкIуэну, удэлэжьэну абы нэхърэ нэхъ цIыху тынш гъуэтыгъуейт. Езыр Іэсэт, сабырт. ЗызыгъэусакIуэшхуэу, сэ схуэдэ дэнэ щыIэ жиIэу Іэджэ кьыщIыхьэрт ди лэжьапIэм. Лиуан нэхъ кьетгъэщIыIар усыгъэрти, абы и деж къекIуалIэрт зыгуэр зыуцIырхъа дэтхэнэ зы «классикри». Апхуэдэхэм ятхэр зэрымыхъуар я фIэщ пщIын щхьэкIэ, дамэкъуэ куэд пкъутэн хуей хъурт. Ауэ мис кьыщIэхъуаш

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● Дн щIынатъэм

Дапщэщ хуабэ щыхъужьынур?

Кавказ Ищхъэрэ федералънэ округым и кIэм нэбл эгъэ мы щIымахуэр хуабжьу щыщIыпащ.

Синоптикхэм жаIэ Ставрополь щIыIэр градус 25 - 30-м щынэсар илъэс 30-кIэ узэпэбжьыжмэщ. ЩIэщынэрэ Ингушыпмэ нужь апхуэдэ щалъэгъуар илъэс 40 и пэкIэщ. Арщхьэкlэ псоми кIэ нIэщ. Махуэ гъунэгъуэм щыIэр градуси 10-м фIэкIынукъым.

Умыбгэлэрыгъмэ, нэхъыфIщ!

СТАВРОПОЛЬ крайм и школхэм я нэхъыбэр - 630-м щыщу 330-р - зэхуащIауэ щытащ. ЕгъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, школищэм нэбгырабзэм сабийхэр эрыдж ькым, пэщхэр зэрамы гъэпсыныфым кьыхэкIыу. Школ щитIым сабийхэм я зыгъэпсэхугъэр щагъэIэпхъуащ: Iуэхум кьыхьыкащ гъпрыпмрэ пыхуэсхымрэ зэрыстари.

Крайм и вице-премьер Кобылкин Сергей и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, дунеи щытыкIэр щытрКIий зэманым мылейуэ лэжьащ ЖКХ-м и Iэнатlэхэр. Хэбгъэзыхьмэ, абыхэм я сэбэп кьекIащ щIыIэм: бжьамийхэм щхэуу псы кьыззэрыхьащ Iэмэпсымэхэр кьагъэтащ.

Кьеогъалакlуэхэм я дежкIэ блэкIа пхъэхэнэр хьэтъэу щытащ.

- Крайм и Iуэгу псоми щынагъуэм куэдкIэ щыхэхуат, - жаIэ щIынальм и кьегъэлакIуэ Iэнатlэм и унафэщIым и кьуэдзэ Кривенко Михаил. - Щыхухэр сакьыну кьыхуедджэ пэтми, гъуэгуанэ жьыжьхэм теувэрт. Куэдым я машинэхэм дертышуэхэр яIэт, щIыIэмрэ уэсымрэ пэмыльэщыну. Дн Iэщагъэхlэхэр иджырэ жэщми махуэми апхуэдэхэм ядоIэпкIуэ - автомашинэ кьутахэр ягъэIэпхъуэ, щIыхуэхэр ягъашхэ.

Мыл гъырыджэм гъуэгуэхэм кьыщыхьу нэщIэбжьыхэр игъэбзэгъуащ. Насыпныщагъ ин кьыщыхъуащ Ставрополь - Элиста гъуэгум щыщу Грачевскэ районым хуэзэм. Кьыкъуэуэ жьышхуэм БАЗ-2104-р адрей гъуэгубгъуэмкIэ идзащ икIи ар кьыхуэхIуэ нэгъуэщI «Жигули»-м жьэхингъуащ. Я1эрэм иса цIыхуи 6-м щыщу 5-р экIуэдащ, зы илъэс фIэкIа мыхъуа сабийри яхэту.

Балий диIэнукъэ?

МэкъУмЭщI Iэнатlэм и унафэщIэр зэпымыууэ кIэлъапIэ бжьыхьэсэхэм я щытыкIэм. Зэкlэ фIы гуэри яIъагъуркым, арщхьэкlэ ущIэгужьеинри щымыIэу жаIэ.

- Я1ынныкъуэхэм деж къэкIыгъэхэр кьригъэлъэгъуэкым уэсыр Iуву кьатесами. Абы щхьэкlэ къэмынэу щIыр щтыгт. Гектар куэд, псом хуэмыдэу хьэрэ рапсрэ щытщIахэр, щIэрыщIэу тетсэжьын хуейщ, - жаIэ крайм мэкъумэш Iэнатlэмкlэ и министрым и кьуэдзэ Куценко Анатолий. - ЩIыIэр я1ынныкъуэ щIыпIэхэм градус 35-м щынэсырт. Iуэр зэран яхуэхъуащ пхъэшхэмыщIхэ кьызэпIыпкIэ жьытхэм. Абы кьыхэкIыу дэ мы гъэм ди1ну кьыщIэкIынукъым балин, хуэрэджэн, кьыпцIи. Мы1эрсейхэмрэ кхъужьейхэмрэ зыщIыщ пIэпкъым етыгъэуэ кьыз1этенэнущ. Псом хуэмыдэу щIыIэр егъэуащ жьыуменкъэм. Абыхэм я процент 50-м бэвагъкIэ уащIигуть хъунукъым.

Iэщыпмрэ джэдкъазымрэ гугъуэхьышхуэ хэмылъу щIыIэм пэпъэщащ. ЩытыкIэр гугъу зыщIыр фермэхэм екIуалIэ бжьамийхэм иг псыр зэрыщIыращ. Абы кьыхэкIыу псэущхьэхэм псы хуаIэн хуей мэхъу. МэкъумэшыщIэхэмрэ Iэщыпхъуэхэмрэ я1ыуэта хэщIыныгъэр кьыщабжьыжьыр хуабэ хъужа нужькIэщ.

КОЗЛОВ Андрей.
«Аргументы и факты».

● Iуэху епIыкIэ

Нобэ хуэдэ махуэщ

Адыгэ телевизорепсъэр иджыблагъэ дыщагъэгъэзащ Сирием кьыщыкIэлыкIуэрахьэ гуэзвэгъуэм кьыхэкIыу адэ хэкужьым зи псэр кьызыхьажа ди лъэпкъэгъу дIыкIуэ гупым я гурыгъу-гурыщIэхэм.

СИ ЩХЬЭКIЭ сыкъапштэмэ, сахэсу садэуэрщэру кьыщыхьуу сепIащ, кьаIуэтахэм седIуащ икIи си гур зэращIэуэзари сыбзыщIынкьым. Ярэби, мы зэрарауэ Iэпкъэгъэхэр кьэзыгъэпIэщIэнур - аращ си гум кьыщыуша упщIэр.

Истамбылакlуэм хэт сыт хуэдэ епIыкIэ хуимыдэми, ар лъэпкъым и дежкIэ мыгъэгъэщхуэт, адыгэм кьытридза уэгъэр нобэми мыкIыжауэ.

Абы и щыхьэтщ дунейм и дахэгъуэ накьыгъэ мазэм Щыгъуэгъэмахуэхэха адыгэм дыгъэрIэр. А махуэм гупсысэ гъэрхуэр кьегъэщI адыгэм ди пщIэдей хъунym тегъэщIауэ, усакIуэхэм я псэм кьеIуэ, я гущIэм щIэлъ гуауэр гущIыIу кьызыщI ухыгъэхэр я кьалэмыпэм кьыпкIий, зохуэсахэр догумэщI, дощыгъэуэм дыгъэбгрокIыж. Адыгэ зэрыс республикэ щыкIуищым я Хасэхэмэ ДАХ-мэ ягъэрэр кьыхалъхьэ, ахэр зэрыпхагъэкIын Iуэху зэрахуэ. ЖыпIэнурамэ, хэхэс хьуа ди лъэпкъэгъуэм датегъэвмыхуу гъашIэр дохъ, ди гукъеуэр зэрыгуэкIуэу ку1нэжу. Дауи, кьэралыр зэтекъутэжу зэпэIэщIэ дыдыщIу щыта Iуэугъанэр зэпыпчныыр куэдкIэ нэхъ тынш хъуами, ди зэпыщIэныгъэхэм нэхъыфIкIэ захъуэжами, зыдвгъэумысыжи, хэкурыс адыгэхэм хэхэс хьуа ди лъэпкъэгъуэм кьагъэзэзэкыным дыгъэрепIыкъу зэтехуэгъуэкым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кьэбэрдейхэм куэд кьытхэтщ хэкур зымыбгъинахэр нэгъэсауэ дыдадыгъэ, модрейхэр шынэу щIэпхъужьауэ кьэзыдлыгъэ.

Ди благъэ фыныжьым хуащIа кьурIэнаджэм ныбжькIэ кьыкъуагъэфащуэ сызыкьагъэIыкъыу гупым я нэхъыбапIэр зыхуэзэфIэкI кьуплькъущIэрэ хьэрычэтыщIэрэт. Сирием щыпсэу адыгэхэр зыхэхуэ гуэзвэгъуэм псалъэмакъыр щыхуэкIуэм, зэхэсча гупсысэхэм зы гущIэгъуэ хэзгъэтхакым. Апхуэдэ даудапщэр ущыдауэ мыхъуну утыкути, зэрыжаIэу, кьыкофIыдхуэми, си бгэр згъэбыдэрэ, жаIэм сегъэуащ.

Кьыхэсхаращи, куэдыр гущIэгъуэм хуэхейщ. Уа, лIэун, тырку-мехетинхэр ди хэкум изэгъауэ исщ, таджик, узбек хуэдэхэу ди щIалэгъуэгум 1995 гъэм кьыдагъэкIа законым ипкъ иткIэ, щIыхуэхэм хуахьыу:м ахьшэхэр «кьэралыгъуэ щIыхуэуу» ягъэуващ. «Арщхьэкlэ, кьэралым щIыхуэ зэрыгъэзэжьынур зэрызэгурымысыжу, ар ящыгъупщэжа хуэдэщ, - жаIэ уэчыгъ щIэрыIуэ Орлов Алексей. - А щIыхуэр зэрыратыжыну хабзэм кьару ирагъэгъуэтакъым. Сошынэ, зэи ирамыгъэгъуэтынкIи. ЩIыхуэр кьабжьыжьын хуейщ урысей сомхэм ятещIыхьауэ».

Ильэс зыбжанэ и пэкIэ, уеблэмэ хабзэ щIыIаш сомым кьыщIэкIым тещIыхьауэ я щIыхуэр щIэрыщIэу кьабжьыжьым теухуэуэ. Арщхьэкlэ а хабзэр лэжьэжьыркъым. Абы и пIэкIэ кьэралым гуащIэрыпсэуэхэм лажьэуэрэ ильэс куэдкIэ зэхуэхьэса ахьшэм щыщ IыхьэмащIэ дыдэ щIыхуэхэм яритыжу ящащ.

«Аргументы и факты».

● Ахьшэ

Щапшыныжьынур зыми ищIэркъым

**Кьэралым и текъуэзэныгъэкIэ, ВТБ банкыр хопIлъэ кьащIэхуа акцэхэр хуэдитIкIэ нэхъ пуд зэрыкьуэдам и зэранкIэ щIыхуэ кьызэрыгуэкIэхэм яфIэкIуэда ахъшэр ыратыжынымкIэ щыIэ Iэмалым. Аттэ, 1991 гъэм банкэм щахьума ахьшэхэр кьратыж щхьэ мыкьурэ? ВТБ-м и акционерхэмэ хуэдэу, ахэри хуеякьым мыльку зэрагъэпэщыну, зыхуищIэкьуар зыщ: я ахьшэ гъэтIылъыгъэхэр яхьэужи кьудейр щ.

АПХУЭДЭ упщIэкэр ди кьэралым куэдрэ кьыщIащ. 1991 гъэм накьыгъэм и 20-м ирихьэлIэу совет банк хьалъхьат совет ахьшэкIэ сом мелард 320-рэ.

Хэплъэжыну пIэрэ?

● Мылъку

УФ-м и Къэзыбж палатэр хэплъэжыну кьыщIэкIынущ 90 гъэхэм къэрал мылькур зэращIа увэсхэм. Къэрал мылькур уней мыльку зэращIа щIыкIэм къыригъуэхэм щIэрыщIэу хэплъэжыну къагъэзуэ ди къэралым и щIыхуэ куэдым. Президент Iэнатlэм щIэкъуэр я Iуэхум теухуэу хуабжьу зощIэр. Яэныныкъуэхэм жаIэ абы тыигъажьэхуэ кьэкIыну, адрейхэм ныкIыпIэ олигархэхэм мылькур кьытрахьажьмэ, къэралыгъуэр игъэбыдэну. Иджыблагъэ я зэныкъуэкъум хьыкащ Путин Владимири. РСПП-м и зэйущIэм абы кьыщыхилъхьащ. Президентащэр зэрэкIуэрэ щIыкIэр хэIущIыIу, хабзэм ещхьыкIэ щыта-щымытар зэхэгъэкIыну. Мы Iуэхум хьыкъэу хьэзырщ Къэзыбж палатэр.

- УЕГУПСЫСМЭ, кьыпхуэщIэнущ 90 гъэхэм я1ащхэуэ мылькум щIатамрэ ар и гъэкIэпIэкIэ зи увсэмрэ зэрызэщIэкьыр, - жиIащ Къэзыбж палатэм и Iэтащхьэ Степашин Сергей. - Арщхьэкlэ, зэуэ кьыхэзгъэщыну сыкуейщ: а Iэжьыгъэр ящыгъупщэжа хуэдэ зощIэу. Я1ынныкъуэхэм жаIэ абы тыигъажьэхуэ кьэкIыну, адрейхэм кьытрахьажьмэ, я1ынныгъуэр игъэбыдэну. Иджыблагъэ я зэныкъуэкъум хьыкащ Путин Владимири. РСПП-м и зэйущIэм абы кьыщыхилъхьащ. Президентащэр зэрэкIуэрэ щIыкIэр хэIущIыIу, хабзэм ещхьыкIэ щыта-щымытар зэхэгъэкIыну. Мы Iуэхум хьыкъэу хьэзырщ Къэзыбж палатэр.

- Дэ нахуэу икIи зыри щIэдмыуфэу жьытIащ: европа кьэралым псомкIи Iуэхум зэрыгъэзэжьынур. Хуей хьэмэ, абы хэшэ хьунущ куэд Iэнатlэр, хамэ унафэ щIэмыт финанс Iуэхущ1апIэхэр, Къэзыбж палатэр. Дэ дыхьэзырщ дыз1эгъуэзу псори щIэзыщIэу кьэдбжьажьну. Дызыдэплъеин щапхъэ щыIэщ: Блэр Тони и правительствэм Тэтчэр Маргарет и эмэным приватизацэ ящIауэ щыта компание ин дыдэ зыбжанэм а Iуэхур зэрыгарэкIуэкIа щIыкIэр кьыпщIауэ щытащ. Абы и фIыгъэкIэ фунт стерлинг мелард зыбжанэ Инджылызым и бюджетым халъхьажьащ.

Степашин Сергей кьелъытэ «хьэрэмыгъэ хэлъу ирагъэкIуэкIа приватизацэм» кьиша хэщIыныгъэр ди кьэралым хуэзыгупшысыжьну хьэзыр хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэ хьэлэлхэр Урысейм кьыщагъэутыфыну. Апхуэдэ жэрдэм Къэзыбж палатэм приватизацэм кьрикIуэхэм теухуэу игъэхъэзыра тхыгъэм и гъжьакIэ кьыхалъхьащ хуэмышIэу лъэрызехьэ дыдэхэм.

- Дэ нахуэу икIи зыри щIэдмыуфэу жьытIащ: европа кьэралым псомкIи Iуэхущ1апIэ дэ ди дежкIэ приватизацэр нэхъыкIэу щрагъэкIуэкIащ, - кьыхигъэщхьэхуэкIащ Степашиным. - Сакьылэтым тещIыхьа аукционхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм я пIащхьэу щытар гъэпцIагъэщ.

Къэзыбж палатэм и Iэтащхьэм ягу кьигъэкIыжащ ирагъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэм и ужькIэ кьэралым Iуэхущ1апIэ ящыгъбжанэ зэрыIэрыхьэжар. Абыхэм ящыщщ Калининград щыIэ «Трансамиак» янтарь комбинатыр, Мурманск и щхьэкъ Iуэхущ1апIэр, атом флотыр.

Iуэху епIыкIэ:

«Дэ къыдольытэ приватизацэм кьрикIуэхэм унафэ щытетщIыкьуну пIалъэр дгъэIэпкъыгъэм хуэмыдэу, ди къэралым энергокомпаниехэм ехьэлIауэ - Ред.). Дэтхэнэ компаниеми хуэгъэза унафэ щхьэхуэ кьащтэм хуейщ щащ зэмылмир, ящэн щащIадзэр щыубзыхуауэ».

УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и унафэщI Набиуллинэ Эльвирэ.

ИГОРЕВ Александр.
«Комсомольская правда».

ПIалэнэр зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Iуэху епIыкIэ

Нобэ хуэдэ махуэщ

Адыгэ телевизорепсъэр иджыблагъэ дыщагъэгъэзащ Сирием кьыщыкIэлыкIуэрахьэ гуэзвэгъуэм кьыхэкIыу адэ хэкужьым зи псэр кьызыхьажа ди лъэпкъэгъу дIыкIуэ гупым я гурыгъу-гурыщIэхэм.

СИ ЩХЬЭКIЭ сыкъапштэмэ, сахэсу садэуэрщэру кьыщыхьуу сепIащ, кьаIуэтахэм седIуащ икIи си гур зэращIэуэзари сыбзыщIынкьым. Ярэби, мы зэрарауэ Iэпкъэгъэхэр кьэзыгъэпIэщIэнур - аращ си гум кьыщыуша упщIэр.

Истамбылакlуэм хэт сыт хуэдэ епIыкIэ хуимыдэми, ар лъэпкъым и дежкIэ мыгъэгъэщхуэт, адыгэм кьытридза уэгъэр нобэми мыкIыжауэ.

Абы и щыхьэтщ дунейм и дахэгъуэ накьыгъэ мазэм Щыгъуэгъэмахуэхэха адыгэм дыгъэрIэр. А махуэм гупсысэ гъэрхуэр кьегъэщI адыгэм ди пщIэдей хъунym тегъэщIауэ, усакIуэхэм я псэм кьеIуэ, я гущIэм щIэлъ гуауэр гущIыIу кьызыщI ухыгъэхэр я кьалэмыпэм кьыпкIий, зохуэсахэр догумэщI, дощыгъэуэм дыгъэбгрокIыж. Адыгэ зэрыс республикэ щыкIуищым я Хасэхэмэ ДАХ-мэ ягъэрэр кьыхалъхьэ, ахэр зэрыпхагъэкIын Iуэху зэрахуэ. ЖыпIэнурамэ, хэхэс хьуа ди лъэпкъэгъуэм датегъэвмыхуу гъашIэр дохъ, ди гукъеуэр зэрыгуэкIуэу ку1нэжу. Дауи, кьэралыр зэтекъутэжу зэпэIэщIэ дыдыщIу щыта Iуэугъанэр зэпыпчныыр куэдкIэ нэхъ тынш хъуами, ди зэпыщIэныгъэхэм нэхъыфIкIэ захъуэжами, зыдвгъэумысыжи, хэкурыс адыгэхэм хэхэс хьуа ди лъэпкъэгъуэм кьагъэзэзэкыным дыгъэрепIыкъу зэтехуэгъуэкым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кьэбэрдейхэм куэд кьытхэтщ хэкур зымыбгъинахэр нэгъэсауэ дыдадыгъэ, модрейхэр шынэу щIэпхъужьауэ кьэзыдлыгъэ.

Ди благъэ фыныжьым хуащIа кьурIэнаджэм ныбжькIэ кьыкъуагъэфащуэ сызыкьагъэIыкъыу гупым я нэхъыбапIэр зыхуэзэфIэкI кьуплькъущIэрэ хьэрычэтыщIэрэт. Сирием щыпсэу адыгэхэр зыхэхуэ гуэзвэгъуэм псалъэмакъыр щыхуэкIуэм, зэхэсча гупсысэхэм зы гущIэгъуэ хэзгъэтхакым. Апхуэдэ даудапщэр ущыдауэ мыхъуну утыкути, зэрыжаIэу, кьыкофIыдхуэми, си бгэр згъэбыдэрэ, жаIэм сегъэуащ.

Кьыкъэсхаращи, куэдыр гущIэгъуэм хуэхейщ. Уа, лIэун, тырку-мехетинхэр ди хэкум изэгъауэ исщ, таджик, узбек хуэдэхэу ди щIалэгъуэгум 1995 гъэм кьыдагъэкIа законым ипкъ иткIэ, щIыхуэхэм хуахьыу:м ахьшэхэр «кьэралыгъуэ щIыхуэуу» ягъэуващ. «Арщхьэкlэ, кьэралым щIыхуэ зэрыгъэзэжьынур». Ди щIыхуэр зэрыратыжыну хабзэм кьару ирагъэгъуэтакъым. Сошынэ, зэи ирамыгъэгъуэтынкIи. ЩIыхуэр кьабжьыжьын хуейщ урысей сомхэм ятещIыхьауэ».

Ильэс зыбжанэ и пэкIэ, уеблэмэ хабзэ щIыIаш сомым кьыщIэкIым тещIыхьауэ я щIыхуэр щIэрыщIэу кьабжьыжьым теухуэуэ. Арщхьэкlэ а хабзэр лэжьэжьыркъым. Абы и пIэкIэ кьэралым гуащIэрыпсэуэхэм лажьэуэрэ ильэс куэдкIэ зэхуэхьэса ахьшэм щыщ IыхьэмащIэ дыдэ щIыхуэхэм яритыжу ящащ.

«Аргументы и факты».

Майи Iуе Франкфурт кьалэм, 1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-рац. Совет Союзым и Маршал Жуков Георгий «TекIуэныгъэ» совет зауэдI орден нэхъыщхьэр ирет США-м и армэм и генерал Эйзенхауэр Дуайт, абы «Iуэхуитхуэхэр егъэкIуэкIыным екъуIэнныгъэ зи щIэныгъэ зиIэ Бернард кьызэриIуэжамкIэ, иужькIэ Эйзенхауэр абы кьыжриIащ «орденым хэгъэтIысхьа мывэ лъапIэ псори нэщIу кьыщIэщIэкIар».

● КъулыкъущIэхэр

Iулъхьэ кьыIихауэ ягъэкъуаншэри...

Германием и президент Вульф Кристиан и кьулыкъум текIин хуей хъущ iулъхьэ кьыIихуу зэрагъэкъуэншам кьыхэкIыу.

ВУЛЬФ жиIащ кьэрал кьулыкъушхуэм зэрытекIыр. Фигу кьэдгъэкIыжынщи, абы теухуа кьаугъэр мы гъэм и щIышылэм кьэхьэщ - езым и кьулыкъур прессэр кьэжьэдкIуэн папщIэ кьиригъэсэбэлу нэмыщэ журналистхэм зэгъэуаншэри. Абы щыгъуэм газетхэм хьыбар традзат езым зэхищIыхьа щIопхъэджагъэхэр - щхьэщиткIыр нэхъ мащIэу, кредитхэр кьызэрыIихар, нэгъуэщIхэм я хьэкъкIэ зыгъэпсэхупIэ лъапIэ дыдэм зэрыщыIар.

Вульф и кьулыкъум зэрытекIам и гугъу щащIкIэ, журналистхэм кьыхагъэщхьэхукI Меркель Ангелэ и гъусэу ар чристэн демократхэм я партым зэрыхэтыр. Абы кьыхэкIыу, президентыр зэрагъэкъуаншэм езы канцлерри игъэдахэркъым.

СЕМЕНОВ Александр.
«Комсомольская правда».

● Жыжьэ - гъунэгъу

**Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ Тембот Аслан и Iэтащхьэ щIэныгъэ зиIэ Iэмэпсымэхэр ящыгъупщэжа Iуэхуитхэм я щIэныгъэ зиIэ Iэмэпсымэхэм я Iуэхущ1апIэ щIыпIэ